


TSANANGURO

YEHUPENYU HWANGU

 Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

Baba vedu voKudenga vane nyasha, zvirokwazvo maropafadzo atinawo ekuswederwa kwaMuri, Mwari wedu neMuponesi. Tichinzwa rwiyo urwu runoshamisa, *Muri Mukuru Kwazvo*, zvinotifadza nokuti tinoziva kuti Muri mukuru. Uye tinonamata kuti hukuru hweNyu huratidzwe kwatiri patsva, masikati ano, patiri kutaura. Zvino wava mujenya wangu, kekutanga mumakore mazhinji, kuyedza kudzokera kuhupenyu hwakapfuura, uye ndinonamata kuti Mundipe simba uye— uye zvandinoshuva, Ishe, kuti ndive munguva ino. Uye dai kukanganisa kwangu kwese muhupenyu kwangova chitsiko kune vamwe, chinozovaunza pedyo neMi. Zviitei, Ishe. Dai vatadzi vaona matsimba etsoka pajecha renguva, uye dai vatungamirirwa kwaMuri. Zvinhu izvi tinozvikumbara muZita raIshe Jesu. Amenii.

Mungagara henyu pasi.

² [Hama Glover vanoti, “Munganamatirawo here mahengechepfu aya musati matanga?”—Mupepeti] Ndingafare. [“Pane *ayo* uye *aya* ekunamatira.”] Zvakanaka, changamire, maita basa. Semurume mutsvene uyu, Hama Glover, vandaziva zvino kwemakore akati kuti, ndakava nemukana wokuva navo kwechinguva manheru apfuura. Zvino vakandiudza nezve... vakanga vambomiswa zvisvishoma, vachizorora. Uye zvino, pamakore 75 okuberekwa, vari kudzokera mubasa raShe. Handichina kuneta kunosvika hafu yezvandanga ndiri ndisati ndanzwa izvozvo. Ndaifunga kuti ndakaneta, asi ini—ini handitendi kuti ndakaneta. Vachangobva kundiisira mahengechepfu pano, muchi—chimiro chemahamvuropu, nezvimwe zvakadaro, ayo ari mukati uye akatoputirwa kare.

³ Zvino, chero ani wenyu ari kuteerera paredhiyo, kana pano, anoda imwe yemahengechepfu aya, uye mozo... The Angelus Temple inogara ichiatumira kunze, nguva dzose. Unogona kunyorera pano kuAngelus Temple uye vachabva vainamatira, nokuti ndichakuvimbisai kuti Rugwaro. Ivimbiso yaMwari.

⁴ Uye kana kuri kuti ungada kuti ini ndinamatire imwe yako, handiti, ndingafara kuzviita. Unogondinyorerwa pabhokisi reposvo 3-2-5, 325, Jeffersonville, inoperengerwa kuti J-e-f-f-e-r-s-o-n-v-i, ana l vaviri, e. Jeffersonville, Indiana. Kana kuti kana usingakwanise kufunga nezvebhokisi reposvo, ingonyora kuti “Jeffersonville.” Iguta diki, nevanhu vangangoita 35,000.

Munhu wese anondiziva ikoko. Uye saka tingafara kunamatira hengechepfu uye totumira kwamuri.

⁵ Uye, zvino, takava nebudiriro huru mukuita izvi, nokuti. . . Muchava nekatsamba kadiki pamwe nayo, iyo vanhu pasi rose vanonamata mangwanani oga-oga na 9 o'clock, uye na 12 o'clock uye na 3 o'clock. Zvino unogona kufungidzira, kuseri kwenyika, inguvai yehusiku yavanofanira kumuka kuti vaite munamato uyu. Saka kana ose aya makumi nezviuru, nezviuru zvakapetwa, vari kutumira minamato kuna Mwari panguva imwe chete kuitira shumiro ino, hurwere hwako, Mwari havatongokwanise kuzvifuratira. Uye saka zvino isu, sezvandinotaura, hatina chero hurongwa zvawo, hatisi kuda kana kobiri rimwe remari. Tingori. . . Kana tikakwanisa kukubatsira, ndizvo zvatauirira pano. Uye ngati. . .

Mumwe munhu ari kuunza chimwe chisumbu chemahengechefu.

⁶ Zvino, kana usina hengechepfu yaungada kutumira, zvakanaka, zvino ingonyora, zvakadaro. Kana usiri kuida izvozvi, ichengete muBhuku raMabasa, muBhaibheri, chitsauko 19. Zvino inenge iri muchimiro cheribhoni diki chena yauchazotumirwa, uye nerairo yekuti unoreurura sei zvivi zvako kutanga. Uye (mazvita) kuti unoreurura zvivi zvako sei. Haufanire kuedza kuwana chinhu chipi zvacho kubva kuna Mwari usina kutanga wagadzirisa naMwari. Maona? Uye unobva warairwa mune izvi kuti udane vavakidzani vako mukati, nemufundisi wako. Kana uine chimwe chinhu chiri mumwoyo mako chawakakanganisirana nemumwe munhu, enda unochigadzirisa kutanga, wozodzoka. Uye wobva wanamata, wova nemusangano wemunamato mumba mako, wopinira hengechepfu iyi panguwo yako yemukati, wobva watenda Mwari. Uye pamaawa 3 ega-ega, ezuva rega-rega, kuchange kuine vanhu pasi rose vachinamata, vakabatana pasi rose.

⁷ Uye zvino ndeyako, yemahara zvirokwa, ingotumira. Uye—uye, zvino, hatisi kuzokunyorerai tichikunetsai kana kukuudzai chimwe chirongwa chatinacho. Tinoda kuti mutsigire chirongwa, asi hati—hatina chero hacho chekuti imi mutsigire. Maona? Saka iwe. . . Hakusi kuti titore kero yenyu, kunongova kukusanganisirai mazviri uye neshumiro yaShe, yatiri kuedza kupfuudza mberi.

⁸ Zvino ngatikotamisei misoro yedu. Uye kana uri kuteerera paredhiyo, tora hengechepfu yako irere ipapo, ingoisa ruoko rwako pairi tichinamata.

⁹ Ishe vane nyasha, tinounza kwaMuri mapasuru madiki aya, zvimwe mamwe acho anotaridzika zvichida kunge mavhesi madiki emwana, kana—kana hembe diki yemukati, kana kuti pamwe mabhutisi madiki, kana—kana chimwe chinhu, hengechepfu, iri kuenda kune vanorwara nevanotambudzwa.

Ishe, zvirira maererano neShoko reNyu kuti tiite izvi. Nokuti tinoverenga, muBhuku raMabasa, kuti vakatora kubva pamutumbi wemuranda weNyu, Pauro, mahengechepfu nemaapuroni, nokuti vaitenda kuti Mweya weNyu wakanga uri pamunhu uyu. Uye mweya yetsvina ikabuda muvanhu, uye matambudziko nezvirwere zvakavasiya, nokuti vakatenda. Uye zvino tinocherechedza, Ishe, kuti hatizi Mutsvene Pauro, asi tinoziva kuti Munoramba muri Jesu. Uye tinonamata kuti Mugoremekedza kutenda kwevanhu ava.

¹⁰ Uye zvakanzvi pane imwe nguva apo Israeri, ichiedza kuteerera Mwari, yakanga yabatwa mumusungo, gungwa riri pamberi pavo, makomo kumativi ose, nehondo yaFarao ichiswedera. Zvino mumwe akataura, kuti “Mwari vakatarisa pasi kubudikidza nemuShongwe yeMoto iyoyo, nemaziso ane hashu, gungwa ndokutya ndokuzvikungurutsira kumashure, uye rikagadzirira Israeri nzira kuti vayambukire kunyika yechipikirwa.”

¹¹ O Ishe, tarisai pasi zvakare, apo mapasuru aya anoiswa pamitumbi inorwara mukurangarira Shoko reNyu benyu. Uye dai chirwere chikatya, tarisai kubudikidza nemuRopa reMwanakomana weNyu, Jesu, Akafira kuyanansira uku. Uye muvengi ngaatye obva aenda, kuti vanhu ava vakwanise kupinda muvimbiso, kuti “Pamusoro pezvinhu zvose,” kuti chishuwo cheNyu “kuti tibudirire muhutano.” Zviitei, Baba, nokuti tinozvitumira nemaonero iwayo—iwayo mumwoyo medu. Uye ndicho chinangwa chedu. Tinozvitumira muZita raJesu Kristu. Amen.

Maita henyu, Hama Glover. Ndatenda, changamire.

¹² Zvino, manheru ano ari iwo okuvhara chikamu chino cherumutsiriro, handizivi kuti zvichatepfenyurwa here kana kuti kwete, asi ndinoda kutaura (kana zvisiri) kune vateereri vari paredhiyo, kuti uyu wanga uri mumwe wemisangano yakanakisa yandakava nayo kwemakore, mazhinji-zhinji. Wange wakasimba, wakaisvonaka, une rudo zvakanyanyisa, musangano une kushandira pamwe wandakambove mauri kwenguva yakareba.

¹³ [Imwe hama inoti, “Tiri pamhepo kusvika na 4:15, hama. Uye vari kukuteereri, kwese kuchamhembe kweCalifornia, kunze uko kuzvitsuwa, nemuzvikepe. Tinowana mashoko kubva kwavari. Zvino saka mune ungangano huru, zviuru nezviuru zvezviuru.”—Mupepeti] Ndatenda, changamire. Zvakanaka kwazvo. Ndafara kunzwa izvozvo. Mwari vakuropafadzei mose.

¹⁴ Uye zvirokwazvo ndagara ndiine rudo mumoyo mangu kuAngelus Temple, nokuda kwekumira kwayo neVhangeri rakazara raJesu Kristu. Uye, zvino, iyo—iyo inoita seyave nehukama neni chaizvo. Zvinoita sekunge, mushure mekusangana nemunhu wese uye nekuona mweya wavo

wakaisvonaka, ndinoita sendiri mumwe wenyu kupfuura zvandaisimbova. Mwari vakuropafadzei, ndiwo munamoto wangu. Uye...[Ungano inoombera maoko—Mupepeti] Maita henyu, nemutsa.

¹⁵ Zvino, zvaziviswa kuti nhasi ndanga ndiri kuzoita sekutaura nemi kwechinguva pamusoro pe: *Tsananguro Yehupenyu Hwangu*. Ndicho chinhu cha—chakandiomera. Aka kachange kari kekutanga kandaedza kuzvitura kwemakore akawanda. Uye handizove nenguva yekupinda muhudzamu, asi chikamu chahwo bedzi. Uye, mune izvi, ndakaita mhosho dzakawanda, ndakaita zvinhu zvakawanda zvisiri izvo. Uye ndinoshuvira, kuti imi muri kuteerera paredhiyo uye nemi muri pano, kuti murege kutora kukanganisa kwangu sezvigumbuso, asi sezvitsiko zvinokuswededzai pedyo naIshe Jesu.

¹⁶ Zvino, manheru ano, makadhi okunamatirwa achagoverwa kuitira shumiro yokunamatira varwere manheru anhasi. Zvino, kana tichitaura nezveshumiro *yekunamatira vanorwara*, hazvirevi kuti tichapodza mumwe munhu, ticha “namatira mumwe munhu.” Mwari ndivo vanopodza. Vakangonditira nyasha zvikuru, kupindura minamoto.

¹⁷ Zvino ndanga ndichitaura namaneja wemumwe muvhangeri ane mukurumbira, pano imwe nguva yapfuura, zvino—zvino zvakabvunzwa kuti sei muvhangeri uyu asinganamatire vanorwara. Zvino muvhangeri akapindura ma—maneja wemisangano yangu, akati, “Kana...” Muvhangeri uyu anotenda mukupodza kwaMwari. Asi kana akatanga kunamatira vanorwara, zvaizokanganisa shumiro yake nekuti anotsigirwa nemachechi. Machechi mazhinji, uye mazhinji awo, haatendi mukupodza kwaMwari.

¹⁸ Saka ndine rukudzo neruremekedzo kumuvhangeri nekuti ari kuchengeta nzvimbo yake, nzvimbo yake yebasa. Zvichida aigona...Handaizombokwanisa kutora nzvimbo yake, uye ndinopokana kana angagona kutora nzvimbo yangu. Tese tine nzvimbo muHumambo hwaMwari. Tese takabatana pamwe chete. Zvipo zvakasiyana, asi Mwewa mumwe chete. Kuratidzwa kwakasiyana, ndanga ndichireva kudaro, asi Mwewa mumwe chete.

¹⁹ Uye, zvino, nhasi manheru shumiro dzichatanga... Ndinofunga vati konzati inotanga na 6:30. Uye, zvino, kana uri kunze uchiteerera paredhiyo, huya kuzoteerera izvi. Ndizvo... Zvichava zvakanaka, zvinogara zvakadaro.

²⁰ Uye zvakare ndinoda kutaura kuti makadhi okunamatirwa achagoverwa pakarepo mushure meshumiro ino, shumiro ino ichingopera chete, kana uri pano uye uchida kadhi rokunamatirwa. Ndarairwa imomo nguva shoma yapfuura, mwanakomana wangu kana VaMercier kana VaGoad, vachange vachigovera makadhi okunamatirwa. Ingoramba uri pachigaro

chako. Shumiro ichangopera, ingoramba uri pachigaro chako kuitira kuti vakomana vakwanise kudzika nemumutsara voita kuti makadhi ekunamatirwa agoverwe nokukasika chaiko. Muchange muri mumabharikoni kana pasi, chero kupi, makamuri epasi kana chero kupi zvako kwauri, ingoramba uri pachigaro chako zvino vakomana vachaziva kuti wavinga kadhi rokunamatirwa. Uye zvakare nhasi manheru tichange tichinamatira vanorwara. Uye kana Ishe vakasashandura pfungwa dzangu, ndinoda kuparidza pamusoro pemusoro wenyaya manheru ano wekuti, *Kana Mukatiratidza Baba, Zvichatigutsa.*

²¹ Zvino ndinoda kuverenga gwaro masakati ano, kuti ndingotanga *Tsananguro Yehupenyu*, rinowanikwa muBhuku ravaHebheru, chitsauko 13, uye ngatitangirei apa pa... Ndingati pandima 12.

Saka naiye Jesuwo, kuti aite vanhu vave vatsvene neropa rake, akatambudzika kunze kwesuwo.

Naizvozvo... ngatiendei kwauri kunze kwemusasa, takatakura kunyadziswa kwake.

Nokuti pano hatina guta rinogara nokusingaperi, asi tinotsvaka iro rinouya.

²² Zvino ndeimwe mhando yerugwaro. Nokuti, munoona, kana iri tsananguro yehupenyu, kana chimwe chinhu chine chekuita nemunhu, hatirumbidze izvozvo, uye kunyanya zvehupenyu hwakapfuura hwemu—munhu, kana hwaive hwakasviba sehwangu. Asi ndafunga kuti, kana tikaverenga Gwaro, Mwari vaizoropafadza Gwaro. Zvino pfungwa yangu inoti iyo:

Kuti pano hatina guta rinogara nokusingaperi, asi tinotsvaka iro rinouya.

²³ Zvino, ndinoziva kuti munofarira zvikuru Los Angeles. Mune kodzero yokudaro. Iguta guru, rakanaka. Nemhute yaro nezvimwewo, asi iguta rakanaka, rine mamiriro ekunze akanaka. Asi guta rino harigone kuenderera mberi, rinofanira kuva nemagumo.

²⁴ Ndakamira muRome (uko madzimambo makuru) nemaguta avaifunga kuti vaizovaka asingaparari, asi unotochera pasi mafiti 20 kuti utowane matongo awo.

²⁵ Ndakamira apo anaFarao vakava nehumambo hwavo hukuru, zvino unotochera pasi muvhu kuti uwane paitongera vanaFarao vakuru.

²⁶ Isu tose tinoda kufunga nezveguta redu uye nenzvimbo yedu. Asi, rangarirai, harigoni kumira.

²⁷ Pandakange ndichiri mukomana mudiki ndaienda kumuti mukuru wemumaple. Munyika yangu tine miti ine miti yakaomarara yakawanda. Uye zvakare taive nemiti yemimaple iyi, sugar maple, neyatindaidza kuti “mumaple wakaoma”

ne “mumaple wakapfava.” Zimuti guru kwazvo iri, raive muti wakanaka kwazvo. Zvino pandaipinda ndichibva kuminda, ndashanda kumahuswa ne—nekunokohwa, ndaida kuenda kumuti mukuru uyu ndo—ndonogara pasi pawo ndo—ndotarisa kumusoro. Zvino ndaiona matavi awo makuru, akasimba achizunguzika mumhepo, hunde huru kwazvo. Ini ndikati, “Unoziva, ndinotenda kuti muti uyu uchange uri pano kwemazana nemazana emakore.” Kasiri kare ndakatarisa pamuti wekare, ungori chigutswa.

²⁸ “Nekuti pano hatina guta rinogara nokusingaperi.” Kwete, hapana chinhu pasi pano chaunogona kutarira chichapfuurira mberi. Chinofanira kuva nemagumo. Chinhu chose chinofa chinofanira kupa nzira kune chisingafe. Saka zvisinei kuti tavaka migwagwa yedu mikuru sei, kuti tinogadzira zvivakwa zvedu zvakana sei, zvese zvinofanirwa kuenda, nekuti pano hapana chinogona kuenderera mberi. Zvisingaonekwi chete ndizvo zvinoenderera mberi.

²⁹ Ndinorangarira imba yataigara mairi, yaiva imba yekare yemapango yakanamwa nedhaka. Ini...Pamwe zvichida vazhinji havana kumboona imba yakanamwa nedhaka. Asi yose yakanga yakanamwa nedhaka, uye matanda makuru kwazvo aive muimba yekare, ndakafunga kuti imba iyoyo yaizomira kwemazana emakore. Asi, munoziva, nhasi paive pakamira imba iyoyo pane dzimba dzakavakwa. Patosiyana zvakanyanya. Zvinhu zvese zviri kushanduka. Asi...

³⁰ Zvino ndaigaroono baba vangu, vaive murume akati pfupikei, akagwinya, akasimba kwazvo, zvino vaive mumwe wevarume vadiki vakanyanyisa kusimba vandaiziva. Ndakasangana naVaCoots, mumwe muchinda wavaishanda naye kumatanda, aiita basa rokutema miti, uye rinenge gore rapfuura, zvino VaCoots ishamwari yangu yakanaka kwazvo, uye mudhikoni muचेची yeFirst Baptist, zvino vakati, “Billy, unofanira kunge uri murume ane simba chaizvo.”

Ini ndikati, “Kwete, handisi, VaCoots.”

³¹ Akati, “Dai wakatodza baba vako, waizova wakadaro.” Vakati, “Ndakaona murume iyeye, airema mapaundi 140, achiisa danda mungoro ari oga, rairema mapaundi 900.” Vaingoziwa maitirwo azvo. Vakanga vakasimba. Ndaivaona vachiuya kunzvimbo kunogezerwa uye vachigadzirira kudya kwemasikati, kana Amai vavadana.

³² Zvino taive nemuti wemaapurosi wakare kunze muchivanze chekumberi, uyezve paive ne 3 kana 4 midiki nechekumashure. Zvino pamuti wepakati chaipo paiva negirazi rekuonesa rekare, rakanga rakatsemuka, girazi, raive guru. Uye rakanga rakakomererwa padivi pemuti nezvipikiri zvakabhendeserwa mukati. Zvakada kuita sevamwe venyu imi makapenda vakateerera mungazviti “mahen’a.” Chakanga chakabhendeswa

kuti chibate girazi riri panzvimbo yaro. Zvino paiva nekamu yesimbi yakare. Vangani vakamboona simbi yekare...kamu yekare yesimbi yechinyakare? Ndiri kutongoiona.

³³ Uye zvakare paive nebhenji diki rekugezera, kangori kapuranga kadiki kane gumbo rakarerekera pasi paro, rakakomererwa pamuti. Kachibhorani, kadiki, kakare kataipombesa mvura kunze, zvino taigezera pamuti uyu wakare. Zvino Amai vaisitora masaga ehupfu vogadzira matauro. Pane here akamboshandisa tauro resaga rehupfu? Zvinoka, ndine chokwadi kuti ndiri kunzwa kusununguka zvino. Uye matauro makuru aya, akare akakwasharara! Zvino pavaitigeza isu vana vaduku, vai...wainzwa sekunge vari kukwasha vachibvisa ganda nguva yese pavaikwiza. Uye ndinorangarira iroro saga rekare rehupfu. Zvino vaibva vazvomora dzimwe tambo dzacho, vogadzira tumatambo tudiki twakaremba, kuita sekurishongedza.

³⁴ Vangani vakamborara panhowo yakaiswa mahuswa mukati? Zvinoka, ndicha—ndichati! Vangani vakamboziva kuti piro yemashanga yaivei? Manje, Hama Glover, ndiri kunzwa kusununguka zvino, zvechokwadi chaizvo! Nhowo yemahuswa, zvinoka, haisi nguva yakarebesa kubva zvandakabva pane imwe, zvino yaive...Oo, iko—iko kurara kwakanaka, kunotonhorera. Zvino munguva yechando vanitora mubhedha weminhenga vovata pauri, munoziva, zvararo votozoisa chimedu chekanivhasi pamusoro pedu nekuti chando chaivhuvhuta nemumi—mi—mitswi yemba, munoziva, apo mapango aivakiswa imba aitarisa mudenga, munoziva, uye chando chaifuridza chichipinda nemariri. Uye, oo, ndinozviringarira zvakanaka chaizvo.

³⁵ Uyewozve Baba vaimbove nebhurasho repakugera ndebvu. Ini...Zvino izvi zvichakushamisai. Rakanga rakagadzirwa nemashanga echibage, bhurasho repakugera ndebvu rine mashanga echibage. Vaitora sipo yaamai yakare yechimugondiya yavainge vagadzira, vonyatsoigadzirisa voiisa kumeso kwavo nebhurasho remashanga echibage, vodziveura nereza hombe, yekare yakatwasuka. Zvino neSvondo vaitora zvi—zvidimbu zvemapepa, vozvinamira pakora yavo, vaipfeka makora epurastepi aibvisika voaisa pakora sezvizvi kuitira kuti si—si—sipo isaende pakora yeshati yavo. Makambozviona zvichiitwa here? Handiti, ini zvangu, ini zvangu!

³⁶ Ndinorangarira chisipiti chekare zasi-zasi, kwataisimboenda kunonwa mvura, nekuchera mvura yedu kubva mumukombe wekare webudzi. Vangani vakamboona mukombe webudzi? Zvinoka, vangani venyu vanobva kuKentucky, zvisinei? Hongu, zvino, ingotaraisai pano kune vekuKentucky. Zvakanaka, ini zvangu, ndiri—ndiri chaipo pa...Ndafunga kuti maOki nemaArki ari kunze kuno, asi zvinoita sekunge Kentucky iri kupinda. Zvino, vakabata mafuta

muKentucky mwedzi mishoma yapfuura, munoziva, saka pamwe ndevamwe vavo vari kuuya nenzira ino.

³⁷ Uye zvakare ndinorangerira apo Baba vaiuya vogeza kuti vadye kudya kwemasikati, vaikunya maoko avo eshati, uye iwo maoko madiki mapfupi akasimba. Zvino pavaikunya maoko avo kuti vageze, vokupira mvura kumeso kwavo, iwo mamhasuru iwayo akangozara mumaoko avo madiki. Ini ndikati, “Munoziva, baba vangu vachararama kusvika makore 150 okuberekwa.” Vakanga vakasimba zvikuru! Asi vakafa vaine 52. Maona? “Pano hatina guta rinogara nokusingaperi.” Ndizvozvo. Hatikwanisi kuenderera mberi.

³⁸ Zvino ngatitorei karwendo kadiki, tese. Mumwe nemumwe wenyu pano ane nhorroondo yehupenyu, seyandingoriwo nayo, uye zvakanaka kudzokera kumashure mundangariro apo neapo. Hamufungi kudaro here? Kungodzokera shure, uye ngatidzokerei tose kwechinguva, kudzokera kuzviitiko zvimwe chetezvo sevana vaduku.

³⁹ Uye zvino chikamu chekutanga chetsananguro yehupenyu. Ndichangochiti batei zvishoma, nekuti chiri mubhuku uye vazhinji venyu mune bhuku racho.

⁴⁰ Ndakazvarirwa mukamba kaduku kemapuranga kemumakomo, kumusoro-soro mumakomo ekuKentucky. Vaiva nekamuri imwe chete yataigara mairi, pasina chimeti pasi, pasina kana uriri hwemapuranga pasi, waingova uriri usina chinhu. Uye chigutsa, pamusoro pechigutsa chakachekwa chiine makumbo 3 pachiri, ndiyo yaive tafura yedu. Zvino vose vanaBranham vadiki vaiungana ipapo, uye nekunze pamberi pekabhini kaduku kemapuranga, vachiumburuka havo, vaiita sokunge boka remaopossum akanga achiumburuka kunze ikoko muhuruva, munoziva, vanun’una vaduku vose. Paiva ne 9 vedu, nekasikana kamwe kadiki, zvino akava nenguva yakaomarara chaiyo pakati peboka iroro revakomana. Tinofanira kumuremekedza nanhasi kubva pazvinhu zvataiita mumazuva iwayo. Aisakwanisa kuenda nesu chero kupi zvako, taimudzanga kuti adzokere, aive musikana. Saka aisazvifarira, munoziva. Saka takanga tine . . . Uye zvose . . .

⁴¹ Rangarirai kuti kumashure seri kwetafura taingova nemacheya 2 chete, uye akanga akagadzirwa negavi remuti. Achingova mapango matete emuti wemuhickory wakare akaiswa pamwe chete, uye pasi pawo akarukirirwa negavi remuhickory. Pane here akamboona chigaro chakagadzirwa negavi remuhickory? Hongu. Uye ndichiri kunzwa Amai nazvino. Oo, pamberi apo patakasvika panzvimbo yavaigona kuva neuriri hwemapuranga, vaine vacheche ivavo pamakumbo avo sezvizi, uye vachitambisa chigaro chiya chekare chichingoti dhighidhi, dhighidhi, dhii chichirovera pasi. Uye ndinorangerira kudzivisa vadiki kuti vasabude pamusuwo, pavanenge

vachiwacha kana chimwe chinhu, vaigadzika chigaro pasi vochitendeudza chakaita sekuchinjika pamusuwo, kuitira kuti vana vadiki vasabude pavaizomboenda kuchisipiti kunochera mvura, nezvimwe zvakadarwo.

⁴² Zvino Amai vakanga vane makore 15 okuberekwa pandakaberekwa, Baba vakanga vaine 18. Uye ndaiva dangwe pavana 9. Zvino vakandiudza kuti mangwanani andakazvarwa . . .

⁴³ Zvino, taiva varombo zvakanyanya, tichingova varombo vevarombo. Uye takanga tisina kana hwindo mukabhini diki iri. Raiva nemusuwo mudiki waunovhura. Handifungi kana makamboona zvakadarwo. Kamusuwo kemapuranga kadiki kaivhurika pachinzvimbo chehwindo, kanogara kakavhurwa masikati uye wokavhara husiku. Taisakwanisa kubatidza mwenje wemagetsi kana kushandisa parafini mumazuva iwayo, taive nezvamunodaiddza kuti “rambi remafuta.” Zvino, handizivi kuti munomboziva here kuti rambi remafuta raive chii. Zvinoka, ko imi muno . . . Uye makambotenga here . . . kupisa chiziso chemuti wemupaini? Kungatora chiziso chemuti wemupaini wochibatidza wochiisa pachivharo, chinopfuta. Uye ndizvo . . . chaipfungaira zvishoma, asi vakanga vasina midziyo yemumba, zvisinei hazvo, ingasvibiswa nechitsi. Saka zvakango . . . kabhini raizara nechitsi. Chaikwira zvakana nekuti pakanga paine denga rakakura kumusoro ikoko kwekuti chipfuure napo. Saka icho . . .

⁴⁴ Zvino ndakazvarwa muna Kubvumbi musu wa—wa 6, 1909. Chokwadi, munoziva, zvinondiita kuti nditi pfurei 25 zvisihoma zvino. Uye saka, mangwanani andakazvarwa, Amai vakati vakavhura hwindo. Zvino, takanga tisina vanachiremba, paiva nyanamukuta. Kungo . . . Zvino nyamukuta ivavo vaiva mbuya vangu. Uye saka pandakazvarwa uye kutanga kwangu kuchema, zvino—zvino Amai vaidha kuona mwana wavo. Uye—uye vachingovawo mwana pachavo. Zvino pavakazarura kahwindo kadiki, mambakwedza, nguva dzingaita 5 o'clock. Uye . . . Paive nekadhimba kakare kaive kakagara padivi pechikwenzi chidiki. Izvo imi mose makaona mufananidzo wacho mu—mubhuku rangu retsananguro yehupenyu hwangu. Kadhimba kakare kainge kakagara ipapo kachingoimba nezvese zvaive makari.

⁴⁵ Ndakagara ndichida madhimba. Zvino, imi vakomana vari kuteerera kunze paredhiyo, musapfura shiri dzangu. Munoono, ndidzo—ndidzo—ndidzo . . . Idzodzo ishiri dzangu. Makambonzwa here rungano rwekadhimba, kuti kakawana sei chipfuva chako chitsvuku? Ndichambomira pano kwechinguvana. Kutu kakawana sei chipfuva chako chitsvuku . . . Kwaiva naMambo wemadzimambo rimwe zuva akanga ari kufa paMuchinjikwa, zvino Akanga achitambudzika uye hapana aiuya kwaAri. Akanga asina aiMubatsira. Zvino paiva nekashiri kadiki kebhorauni kaida kubvisa zvipikiri

izvozvo paMuchinjikwa, zvino kakaramba kachibhururukira paMuchinjikwa kachidhonza-dhonza zvipikiri izvozvo. Kakange kari kadikisa kuti kazvizvomorere kunze, ndokubva kachipfuva kako kose katsvuka neropa. Zvino kubva ipapo chipfuva chako change chiri chitsvuku. Musakapfura, vakomana. Kasiyei kakadaro.

⁴⁶ Kakanga kagere padivi rehwindo, kachirira sekuimba kunoita tudhimba. Zvino—zvino Baba vakavhura hwindo. Zvino pavakavhurira kumashure kagonhi kadiki kehwindo, Chiedza chiya chamunoono pamufananidzo chakauya chichitenderera nepahwindo, vanodaro amai vangu, ndokurembera pamusoro pemubhedha. Mbuya vakashaya chekutura.

⁴⁷ Zvino, tiri...takanga tisiri mhuri inoita zvekunamata. Vanhu vekwangu maKatorike. Ndiri muIrish kumativi ose. Baba vangu muIrish akazara, muBranham. Amai vangu ndiHarvey; chete, baba vavo vakarooro muCherokee Indian, saka izvozvo zvakavhiringa muhwezvwa mudiki weropa rechiIrish. Zvino Baba naAmi vakanga vasingaendi kucheche, uye vakaroorana kunze kwecheche uye vakanga vasina chinamato zvachose. Zvino kumashure ikoko kumakomo kwakanga kusina kana chechi yechiKatorike. Saka vakauyako panguva yevakatanga kuuya muno, vanaBranham 2 vakauya kuno, uye kubva ipapo pakabuda chizvarwa chose chemaBranham; ndiro dzinza rose remhuri.

⁴⁸ Ndokubva vavhura...Pavakavhura hwindo iri zvino Chiedza ichi ndokumira imomo, vakashaya kuziva zvokuita. Baba vakanga vazvitengera (vakadaro Amai) hovhorosi itsva yechiitiko ichi. Vainge vakamira ne...maoko avo ari muchibhibhi chehovhorosi yekare, seyaishandiswa nevarume vemumasango nevatemi vemiti mumazuva iwayo. Zvino zvakavavhundutsa.

⁴⁹ Saka, mushure mekunge ndasvika zvichida mazuva 10, kana mamwewo, vakandiendesa kucheche duku yeBaptisti inonzi "Opossum Kingdom," chechi yeBaptisti yeOpossum Kingdom. Paita zvezita apa. Kwaiva nemumwe muparidzi wekare aitenderera kunzvimbo zhinji, muparidzi wechiBaptisti wechinyakare aipfuura nemo kanenge ka 1 pamwedzi 2 yoga-yoga. Pa...Vanhu vaiva neshumiro diki pamwe chete, vaiimba dzimwe nziyo, asi vaiparidzirwa nguva nenguva nemuparidzi aitenderera kunzvimbo zhinji. Vaimubhadhara gore negore nesaga remanhangano nezvimwe zvishoma vakadaro, munoziva, izvo vanhu vaiunganidza kuti vazviye. Zvino muparidzi wekare akauyapo, uye akandinamatira ndichiri kakomana. Ndirwo rwaiva rwendo rwangu rwekutanga kucheche.

⁵⁰ Pagore rinenge...zvimwe zvingada kuti pfluurei makore 2 okuberekwa, chiratidzo chokutanga chakaitika.

⁵¹ Zvino, vakanga vaudza kwese-kwese mumakomo imomo kuti Chiedza ichi chakapinda. Saka vakaedza kufunga kuti chaive chii. Vamwe vavo vakati chinofanira kunge chaiva chiedza chezuva chaipenya pagirazi raiva mumba. Asi makanga musina girazi imomo. Uye zuva rakanga risati rabuda, saka rwaive rungwanani-ngwanani, nguva dza 5 o'clock. Uyezve, oo, vakangoChisiya chakadaro. Zvino pandakanga ndava neanenge. . . toti ndave kuda kusvika makore 3 okuberekwa. . .

⁵² Zvino, ndinofanira kutaura chokwadi. Pane zvinhu pano zvandinogadi kutaura, uye ndinoshuva kuti dai ndaigona kuzvinzvenga ndisazofanira kuzvitaure. Asi zvakadaro, kutaura chokwadi, unofanira kutaura chokwadi kana chiri pauri kana vanhu vekwako. Taura chokwadi pamusoro pazvo, uye zvinobva zvagara zviru zvimwe chetezvo.

⁵³ Baba vangu vakanga vari kure zvikuru nokuva munhu anonamata. Vaiva mhando iya yemukomana wemukomano aigara achinwa doro, nguva dzose. Zvino vakanga vapinda mune rimwe dambudziko vachirwa, uye pakanga paita varume 2 kana 3 vakapotsa vaurayiwa vachirwa, kupfurana, nekuchekana nemapanga, pane imwe yakaita sepati kumusoro mumakomo. Zvino Baba vakanga vari mumwe wevakuru vacho pakurwa uku, nekuti pakanga paita shamwari yavo yakanga yakuvvara, uye vakarova mumwe munhu necheya. Uye akanga. . . Murume wacho akanga abuditsa banga uye akanga ari kuzocheka shamwari yaBaba ari pasi nebanga iri, kuripinza mumwoyo make, zvino Baba vakapindira. Zvino kunofanira kunge kwaive kurwa kwakaipisira, nokuti ivo, kubva nzira yose zvichidzika kuBurkesville, kure mamaira mazhinji, vakatumira mukuru wemapurisa kuzotsvaga Baba, ari pabhiza.

⁵⁴ Saka murume iyeye akanga avete ari pedyo nekufa. Panogona kunge paine vamwe vevanhu vake vakateerera. Ndichadaidza zita rake, Will Yarbrough ndiro raive zita rake. Ivo zvichida. . . Ndinofunga kuti vamwe vavo vari kuCalifornia, vevanakomana vake. Asi akanga achishungurudza vamwe, murume muhombe ane simba, akauraya mwanakomana wake nebango referenzi. Saka iye—iye akanga aine simba kwazvo uye aine utsinye. Zvino saka pakava nekurwisana kukuru nemapanga pakati pake naBaba. Zvino baba vangu vakapotsa vauraya murume uyu, saka vakatozotiza ndokubva kuKentucky ndokuyambuka rwizi kuenda kuIndiana.

⁵⁵ Zvino vaive nemukoma wavo aigara, panguva iyoyo, muLouisville, Kentucky, aive mutevedzeri wemukuru weWood Mosaic Saw Mills muKentucky, muLouisville. Zvino saka Baba vakauya kuzotsvaga mukoma wavo. Baba vakanga vari mudiki pavakomana vose, pavana 17. Uye saka vakauya kuzotsvaga mukoma wavo, uye pavakanga vasipo kwerinenge gore. Vaisakwanisa kudzoka, nokuti mutemo wakanga uchivatsvaga. Zvino patakonzwa kubva kwavari netsamba, yakasainwa

nerimwe zita, asi kuti vakanga vaudza Amai zvazvaizova kuti vanzwe kubva kwavari.

⁵⁶ Zvino ndinorangarira rimwe zuva chisipiti (kakabhini kaduku aka) chakanga chiri kuseri kwemba. Uye—uye panguva iyoyo mushure. . . Pane 9. . . musiyano pakati pangu nemunin'ina wangu anonditevera nemwedzi 11, zvino akanga achiri kukambaira. Zvino ndakanga ndine dombo guru muruoko rwangu, uye ndaiedza kumuratidza kuti ndaigona sei kukanda dombo iri zvine simba mumadhaka ekare, uko chisipiti chainge chabuda muvhu ndokugadzira ivhu rine madhaka. Zvino ndakanzwa shiri, zvino yakanga ichiimba mumuti. Zvino ndakatarisa kumusoro kumuti iwoyo shiri ndokubhururuka, zvino, payakadaro, Inzwi rakataura neni.

⁵⁷ Zvino, ndinoziva kuti munofunga kuti ndaisagona kufunga nokurangarira izvozvo. Asi Ishe Mwari Vanova Mutongi, wenyika nematenga nezvose zviripo, vanoziva kuti ndiri kutaura chokwadi.

⁵⁸ Shiri iyoyo, payakabhururuka, Inzwi rakabva paive neshiri mumuti, semhepo yabatwa mugwenzi, uye Rikati, “Uchagara pedyo neguta rinonzi New Albany.” Uye ndakararama, kubva panguva yandaive nemakore 3 kusvika panguva ino, mumamaira 3 kubva kuNew Albany, Indiana.

⁵⁹ Ndakapinda ndokuudza amai vangu nezvazvo. Zvino, vakafunga kuti ndaingorota kana zvimwewo.

⁶⁰ Gare-gare takatamira kuIndiana uye Baba vakaenda kunoshandira mumwe murume, VaWathen, murume akapfuma. Ndiye muridzi weWathen Distilleries. Uye akanga ane chikamu chikuru; ivo ndimuzvinamamiriyoni, uye neLouisville Colonels, ne—nebaseball, nezvimwe zvakadaro. Zvino takagara pedyo naipapo. Uye Baba vari murombo, asi zvakadaro vakanga vasingakwanisi kugara vasinganwi dororo ravo, nokudaro va—vakatanga kugadzira hwiski mumu—mumudziyo unogadziriswa hwiski.

⁶¹ Zvino zvakandiomera nekuti ndini ndaiva dangwe pavana vose. Ndaifanira kuuya ndotakura mvura kuenda kumudziyo uyu unogadzira hwiski, kuchengeta surudzo iroro richitonghona pavanenge vachigadzira hwiski. Vakabva vatanga kuitengesa, ndokubva vaita 2 kana 3 yemidziyo iyoyo yekugadzira hwiski. Zvino, ndicho chikamu chandisingafariri kutaura, asi ichokwadi.

⁶² Uye ndinorangarira rimwe zuva, ndichibva kudanga, ndichiuya kumba, ndichichema. Nekuti kunze kuseri kwenzvimbo iyi kwaive nechidziva, icho. . . uko kwavaisicheka chando. Vazhinji venyu munorangarira pavaisicheka chando vochiisa mumafufu emapuranga. Zvino, ndiyo nzira iyo VaWathen vaichengeta nayo chando kunze uko mumaruwa. Uye Baba vaiva mu—mutyairi wavo, mutyairi wavo ivo pachavo.

Uye apo . . . dziva iri rakanga rizere nehove zvino pavaizoenda kunocheka chando nekuchiunza nekuchiisa mumafufu emapuranga, zvino chando pachainyungudika munguva yezhizha chichidzika zasi, chaive chakachena ndinodaira, chakaita sechando chedziva, zvino vaigona kuishandisa, kwete kunwa, asi kuchengetedza mvura ichitonhora, vochiisa pamigomo yavo nemukaka wavo, nezvimwe zvakadaro.

⁶³ Zvino rimwe zuva ndakatakura mvura kubva kumashure uko papombi iyi, yaive chinhambo chingaita sebhuroko reguta. Ndakanga ndichichema kune akanga asingatombosvanzwa hake, nokuti ndakanga ndabva kuchikoro uye vakomana vose vakanga vaenda kunze kuchidziva, kunoraura. Ndaingoda kuredza. Zvino saka vose vakabva vaenda kundoredza kunze kwangu, zvino ndaifanira kutakura mvura yemudziyo uyu wekugadzira hwiski. Hongu, ini zvangu, zvaisafanira kutaurwa, zvairembidzwa. Uye ini . . . Zvaiva zvakaoma. Uye ndinorangarira ndichiuya ipapo nechigunwe chakagumburwa, zvino ndakanga ndine muguri wechibage wakuputira pasi pechigunwe changu kuti chirege kubatira guruva. Makambozviita here? Kungoisa muguri wechibage pasi pechigunwe chako sezviziwo wosungirira tambo pachiri. Chinosisimudza chigunwe chako mudenga semusoro wekamba potse, munoziva, chakamira mudenga. Waigona kundironda kwese kwandaienda, nechiguri chechibage ichi pasi pechigunwe changu; pandaichitsika, munoziva. Ndakanga ndisina kana shangu dzekupfeka. Saka hataimbopfeka shangu, imwe nguva hafu yenguva yechando. Kana taipfeka, isu . . . dzaingova dzataigona kunhonga, mumwe munhu dzaaitipa. Uye hembe dziri idzo mumwe munhu, vechariti vaitipa.

⁶⁴ Zvino ndakamira pasi pemuti uyu, uye ndaive ndakagara ipapo ndichingochema (maiva muna Gunyana) nekuti ndaida kuenda kunoraura, ndaifanira kutakura mvura yakawanda nezvimigomo zvidiki zve manyuchi, zvakangoreba kukusvika *apa*, hafu yegarani, nokuti ndaingova kakomana kadiki kane makore 7 okuberekwa. Zvino ndaidira mutabhu guru ndobva ndadzokera ndonotora mimwe migomo 2 ndodzoka, ndichiiisa. Ndiyo mvura yataiva nayo. Zvino vakanga vari kuzogadzira hwiski yechibage husiku ihwohwo, varume ava naBaba, uko kumba.

⁶⁵ Zvino ndaichema, uye pakarepo ndakanzwa chimwe chinhu chaita ruzha sechamupupuri, chimwe chinhu chakaita sekuti (zvino, ndinovimba kuti hazvina ruzha rwakanyanyisa), chaiti “Whooooosssh, whoooooosssh,” rwungori ruzha rwakadaro. Zvinoka, kwaive kwakanyatsonyarara kwazvo, zvino ndakatarisa-tarisa. Uye munozivei, chamupupuri chidiki, ndinotenda kuti munochidaidza kuti kadutu kemhepo kadiki? Muchirimo chegore chinosisimudza nemumunda wechibage, munoziva, mashizha nezvimwe zvakadaro, mumatsutso imomo,

mashizha akanga achangotanga kushanduka. Zvino ndakanga ndiri pasi pomuti womupoplar muchena, waive kuda pakati nepakati pedanga nei—imba. Zvino ndakanzwa ruzha irworwo. Zvino ndakatarisa-tarisa, makanga makangoti zii sezvazviri mukamuri muno. Pasina kana shizha raipepereka chero pai zvapo, kana chii zvacho. Zvino ndakafunga, “Ko ruzha irworwo rwuri kubva kupi?” Zvino, ndakafunga, “Panofanira kuva kure nepano.” Ndingori mukomana. Zvino ruzha rwakaramba rwuchiwedzera nekuwedzera.

⁶⁶ Ndakasimudza mabhaketi angu madiki ndokuchema zvakare ndokutanga kukwidza nemugwagwa, ndaive ndakazorora. Zvino ndangova mafiti mashoma kubva ipapo, kubva pasi pematavi emuti mukuru uyu, uye, oo, ini zvangu, wakaita ruzha rwechamupupuri. Zvino ndakacheuka kuti nditarise, uye panenge pakati kumusoro mumuti iwoyo paiva nechimwe chamupupuri, chakabatwa mumuti iwoyo chichingotenderera nekutenderera, chichifambisa mashizha iwayo. Zvino, handina kufunga chinhu chinoshamisa pamusoro pazvo nokuti inguva yacho yegore, uye ari matsutso, handiti, zvinyamupupuri izvozvvo zvinouya. Zvidiki...Tinozvidaidza kuti “zvinyamupupuri.” Zvino izvo—zvino izvo zvinosimudza guruva. Makazviona mugwenga zvakadaro. Zvimwe chete. Saka ndakatarisa, asi hachina kubva chichienda. Kazhinji chinongovhuvhuta kwechinguvana, chobva chaenda, asi chakanga chavamo kwemaminetsi 2 kana kupfuura.

⁶⁷ Zvino, ndakatanga kukwidza nenzira zvakare. Zvino ndakacheuka kuti ndichitarise zvakare. Uye paChakadaro, Inzwi remunhu raingonzwika sezviri rangu, rakati, “Usambofa wakanwa, kuputa, kana kusvibisa muviri wako neimwe nzira. Pachava nebasa rauchaita kana wakura.” Handiti, zvakada kundivhundutsa sendichafa! Unogona kufungidzira kuti kamukomana kadiki kainzwa sei. Ndakadonhedza migomo iya, ndichibva ndangomhanyira kumba nesimba rangu rose, ndichingozhambatata neinzwi rangu rose.

⁶⁸ Uye munyika iyoyo makanga muine zviva zvitsvuku, nyoka, zvino dzine huturu hwakashata. Amai vakafunga, sezvo ndanga ndiri kubva nepadivi pebindu zvimwe ndakanga ndatsika chiva chitsvuku negumbo rangu vakabva vamhanya kuzosangana neni. Zvino ndakasvetukira mumaoko avo, ndichiridza mhere, ndichivambundira nekuvatsvoda. Ivo ndokuti, “Waitwa sei, warumwa nenyoka here?” Vakanditarisa pose zvapo.

Ndikati, “Kwete, Amai! Pane murume ari mumuti uyo zasi uko.”

⁶⁹ Zvino vakati, “Oo, Billy, Billy! Zvaita seiko?” Ivo ndokuti, “Wamira ukambokotsira here?”

⁷⁰ Ndikati, “Kwete, amai! Pane murume mumuti uyo, zvino Andiudza kuti ndisanwe kana kuputa.”

⁷¹ “Kunwa mahwiski ne—nezvinhu.” Zvino ndakanga ndichitakura mvura ndichienda kumudziyo unobikirwa doro, ipapo chaipo. Zvino Ati, “Usambonwa kana kusvibisa muviri wako neimwe nzira.” Hunzenza, munoziva, uye mwana wangu...zvemajaya nevakadzi. Uye pakuzivisisa kwangu, handina kana nguva imwe chete zvayo yandakaita mhosva yezvakadaro. Ishe vakandibatsira pazvinhu izvozvo, uye pandinenge ndichienderera mberi muchazviona. Saka zvino, “Usanwa kana kuputa, kana kusvibisa muviri wako, nokuti pachava nebasa raunofanira kuita kana wakura.”

⁷² Zvino, ndakazviudza Amai, zvino—zvino vakangondiseka zvavo. Uye ndaingoitwa sendabatwa nemamhepo. Vakadaidza chiremba, zvino chiremba ndokuti, “Zvinoka, ari kungohutahuta, ndizvo zvoga.” Saka vakandiradzika pamubhedha. Zvino handina kuzombopfuura, kubva pazuva iroro kusvika nhasi, pamuti iwoyo zvakare. Ndaitya. Ndaienda zasi nerimwe divi rebindu, nokuti ndaifunga kuti paiva nemurume mumuti iwoyo uye Aitaura neni, Inzwi guru gobvu rakataura.

⁷³ Uye imwe nguva inenge mwedzi mushure maizvozvo, ndaitamba nemamarble kunze nevanin’ina vangu, kunze muchivanze chekumberi. Uye kamwe-kamwe ndakanzwa mamwe manzwiro asinganzwisike akauya pandiri. Zvino ndakamira ndokugara pasi padivi pemuti. Zvino takanga tiri pamahombekombe chaipo kubva paRwizi rweOhio. Zvino ndakatarisa zasi ndakananga kuJeffersonville, zvino ndakaona bhiriji richisimuka richienda mhiri kwarwo, rwizi, richitandika rwizi. Zvino ndakaona varume 16 (ndakavaverenga) vakadonha kubva ipapo vakarasikirwa nehupenyu hwavo pabhiriji iroro. Ndakamhanya nokukasika chaiko ndokunoudza amai vangu, zvino vakafunga kuti ndakotsira. Asi vakazvichengeta mundangariro, zvino makore 22 kubva ipapo Municipal Bridge zvino (iro vazhinji venyu munoyambuka pamunoyambuka ipapo) rakatandika rwizi rwacho panzvimbo imwe chete, Zvino varume 16 vakarasikirwa nehupenyu hwavo vachivaka bhiriji iroro parwizi.

⁷⁴ Hazvina kumbokundikana kuva zvechokwadi chakakwana. SezvamunoZviona pano muodhitoriyamu, Zvange zvakadaro nguva dzose.

⁷⁵ Zvino, vakafunga kuti ndaingohutahuta. Izvo, ini ndiri munhu anohutahuta, ichokwadi. Zvino, kana mukambocherechedza, vanhu vaka—vakarerekera kuva vomweya vanohutahuta.

⁷⁶ Tarisai vananyanduri nevaporofita. Uye tarisai William Cowper uyo akanyora rwiyo rwuya rwune mukurumbira, “Kune chitubu chizere neRopa, rinotorwa kubva mutsinga dzaEmaneri.” Makambo here...Munoziva rwiyo rwacho.

Nguva pfupi yapfuura ndakamira paguva rake. Hama Julius, ndinotenda, handizivi, kwete. . . hongu, ndizvozvvo, vakanga vanesu ikoko paguva rake. Zvino—zvino ipapo, mushure mokunge anyora rwiyo irworwo, kufemera kwakamusiya, akaedza kutsvaga rwi—rwizi rwekuzviuraya. Munoono, Mweya wakanga wamusiya. Zvino vanhu vakaita savana nyanduri nevanyori ne. . . kana kuti kwete. . . Ndinoreva voporofita.

⁷⁷ Tarirai Eria, paakamira pagomo akadana moto kubva kudenga uye akadana mvura kubva kudenga. Zvino Mweya pawakamusiya, akatiza atyisidzirwa nemukadzi. Zvino Mwari vakamuwana akazviviga mubako, mushure memazuva 40.

⁷⁸ Tarirai Jona, aine kufemerwa kwakakwana apo Jehovha vakanga vamuzodza kuti aparidze ikoko kuNinivha, kusvikira gu—guta rakanga rakaenzana neSt. Louis rakatendeuka rakapfeka masaga. Zvino Mweya pawakamusiya, chii chakaitika kwaari? Tinomuwana ari kumusoro mugomo mushure mekunge Mweya wamusiya, achinamata kuna Mwari kuti vatore hupenyu hwake. Uye, munoono, kufemerwa. Uye kana zvinhu izvi zvaitika, zvi—zvinoita chimwe chinhu kwauri.

⁷⁹ Zvino ndinorangarira ndichikura. Ndakasvika pakuva jaya. (Ndichakurumidza kuti ndipedze muchinguva chidiki chinotevera.) Pandakasvika pakuva jaya ndaiva nepfungwa dzakafanana nemajaya ose. Ini. . . ndichienda kuchikoro, ndaiona vasikana vadiki ivavo. Munoziva, ndainyara kwazvo, munoziva. Zvino pakupedzisira nda—ndakazoviwanirawo musikana wangu mudiki. Uye sezviri vakomana vose vaduku, vangangoita makore 15 okuberekwa, ndinofungidzira. Uye—uye saka, oo, akanga ari tsvarakadenga. Ini zvangu, akanga aine maziso akaita seenjiva, uye akanga aine mazino akaita semaparera, uye mutsipa wakaita sehanzi, zvino iye—iye akanga akanaka chaizvo.

⁸⁰ Zvino mumwe mukomana mudiki, iye. . . takanga tiri shamwari, saka akatora mota yekare yerudzi rwe T Ford yababa vake, uye takawana zuva rekunoswera nevasikana vedu. Zvino takanga tine kwatazoenda navo, nemotokari. Takawana inokwana yekutenga magaroni 2 epeturu. Taifanira kusimudzira vhiri rekumashure kuti tiikirenge imuke. Handizive kuti muchiri kumbozvirangarira here kana kuti kwete, munoziva, kuti muikirenge. Asi isu—isu taifamba zvakanaka kwazvo.

⁸¹ Uye saka ndakanga ndine makobiri mashoma ma 5 senzi muhomwe yangu, zvino takamira pane imwe nzvimbo ndokutora. . . waigona kuwana sangweji yehamu ye 5 senzi. Uye saka, oo, ndakanga ndakapfuma, ndaigona kutenga 4 awo! Maona? Zvino mushure mekunge tadya masangweji nekunwa Kokakora, ndakaenda kunodzose mabhodhoro. Zvino chakandishamisa, pandakabuda, (vakadzi vakanga vachangotanga kudonha kubva panyasha panguva iyoyo,

kana kubva pahudzimai) njiva yangu diki yakanga ichiputa mudzanga.

⁸² Zvinoka, ndakagara ndine maonero angu pamusoro pemukadzi anoputa fodya, uye handina kumbochinja pazviri kubva panguva iyoyo zvichienda mberi. Ndizvozvo. Chinhu chakadereresha chaangagona kuita. Zvino ndizvozvo chaizvo. Uye nda—ndakafunga kuti ini...Zvino, kambani yefodya inogona kundiwanira mhosva nekuda kweizvi, asi, ndiri kukuudzai, chinongova chidziviso chadhiyabhore. Ndiyo mhondi hurusa nekuparadza nyika ino inako. Ndingasva hangu mwanakomana wangu ave chidhakwa pane kuva muputi wefodya. Ndicho chokwadi. Ndingasva hangu ndaona mudzimai wangu akarara pasi, akadhakwa, pane kumuona aine mudzanga. Ndizvo zvaka...

⁸³ Zvino, Mweya waMwari uyu uneni, kana iWo uri Mweya waMwari (sezvamungabvunza), imi munoputa midzanga mune mukana mudikisa pamunosvika ikoko, nokuti zvinongo...nguva dzese. Munozvicherechedza papuratifomu, kuti Vanozvipomera sei. Chinhu chakashata kwazvo. Garirai kure nacho. Madzimai, kana manga muine mhosva yeizvozvo, ndapota, muZita raKristu, ibvai pazviri! Inokuparadzai. Ichakuurayai. Icha...I—ikenza yakawanda kwazvo.

⁸⁴ Vanachiremba vanoedza kukuyambirai. Uyezve kuti vanotokutengeserai zvinhu izvozvo! Kana waizozenda kuchitoro chemishonga woti, “Tenga...Ndinoda kutenga kenza ye 50 senzi.” Handiti, vaiuya kuzovavharira. Asi kana ukatenga midzanga ye 50 senzi, uri kutenga chinhu chimwe chete. Vanachiremba vanotaura kudaro. Oo, nyika iyi inopenga nekuda mari. Zvakanyanya kuipa. Inouraya. Zvakaratidzwa.

⁸⁵ Zvino, pandakaona musikana mudiki uya achingoita zvekuchenjera-chenjera, mudzanga uyu uri muruoko rwake, izvozvo zvakada kundiuraya, nokuti ndainyatsofunga kuti ndaimuda. Uye ndakafunga, “Asika...”

⁸⁶ Zvino, ndinonzi “muvengi wevakadzi,” munozviziva izvozvo, nekuti ndinogara ndichiita sokupesana nevakadzi, asi kwete kupesana nemi Hanzvadzi. Ini ndinongopesana nemaitiro evakadzi vechizvinozvino. Ndizvozvo. Vakadzi vakanaka vanofanira kuvepo.

⁸⁷ Asi ndinogona kurangarira apo mudziyo wekubika doro wababa vangu kumusoro uko uchishanda, ndaifanira kunge ndiri kunze uko nemvura nezvimwe, ndoona madzimai echidiki akanga asati adarika makore 17, 18, vari kumusoro ikoko nevarume vezera rangu zvino, vakadhakwa. Uye vachizofanira kuvadzikamisa nokuvapa kofi isina mukaka, kuti vasvike kumba kunobikira varume vavo chikafu chemanheru. Oo, chimwe chinhu chakadaro, ndakati, “Ini...” Uku kwaive kutaura kwangu panguva iyoyo, “Havakodzeri bara rakanaka

rakachena kuti rivauraye.” Ndizvozvo. Zvino ndaivenga vakadzi. Ndizvozvo. Uye ndinotongofanira kutarisa maitiro ose zvino, kuti ndisarambe ndichifunga zvimwe chetezvo.

⁸⁸ Saka, asi zvino, mudzimai akanaka ibwe rinokosha mukorona yemurume. Anofanira kukudzwa. Iye . . . Amai vangu mukadzi, mudzimai wangu mukadzi, uye vakanaka. Zvino ndine zviuru zvehanzvadzi dzeChikristu dzandinoremekedza zvikuru. Asi kana—kana vakakwanisa kuremekedza zvavakaitwa naMwari, humai uye namambokadzi chaiye, zvakanaka. Ndiye chimwe chezvakanakisa icho Mwari chavaigona kupa murume, aive mudzimai. Kunze kweruponeso, mudzimai ndiye chinhu chakanakisisa kana ari mudzimai akanaka. Asi kana asiri, Soromoni akati, “Mudzimai akanaka ibwe rinokosha mukorona yomurume, asi aka—akasindimara kana uyo asina kunaka imvura muropa rake.” Uye ndizvozvo, ndicho chinhu chakaipisisa chingaitika. Saka mudzimai akanaka . . . Kana uine mudzimai akanaka, hama, unofanira kumuremekedza zvakananyanya. Ndizvozvo, unofanira kuita izvozvo. Mudzimai chaiye! Uye, vana, kana iwe uina amai chaivo vanogara pamba uye vachiedza kukuchengeta, vachichengeta mbatya dzako dzakachena, vachikuendesa kuchikoro, vachikudzidzisa nezvaJesu, unofanira kukudza amai vanotapira vachembera ivavo nezvose zvirori mauri. Unofanira kuremekedza mudzimai iyeye, hongu, changamire, nokuti ndiamai chaivo.

⁸⁹ Vanotaura pamusoro pekusadzidza kwekumakomo ekuKentucky. Munozviona izvi pane izvi pano zvekumaruwa. Vamwe vava vanamai vachembera vari kunze uko vanokwanisa kuuya kuno kuHollywood vokudzidzisa imi vanaamai vechizvinozvino marererwo evana venyu. Anorega mwana wake achipinda humwe husiku nevhudzi rake rakabvanganyuka, nemiromo . . . kutsvedza, (munozvidaidza kuti chii zviya?) zvinhu zvekupenda zvavanoisa kumeso kwavo, uye nerokwe rake rakamonyorokera kudivi rimwe, uye ange ari kunze usiku hwose, akadhakwa, hama, akangopihwa shamhu imwe yebazi repamusoro pemuti wemuhikori zvino haazobudazve. Ndinokuudzai, aizo . . . Uye dai manga muine zvimwezve zvisihoma zveizvozvo, mungadai muine Hollywood iri nani pano, uye nenyika iri nani. Ndizvozvo. Ichokwadi. “Ingoedza kuva wechizvinozvino,” iwo—ndiwo mamwe emano adhiyabhore.

⁹⁰ Zvino, musikana mudiki uyu, pandakamutarisa, moyo wangu wakangodzimbikana. Zvino ndakafunga, “Mwana anonzvisa urombo.”

Iye ndokuti, “Oo, unoda mudzanga here, Billy?”

Ndakati, “Kwete, amai.” Ndikati, “Handipute.”

⁹¹ Akati, “Zvino, wati haudhanze.” Vaida kuenda kudhanzi zvino ini ndakaramba. Saka vakati kwaiva nedhanzi zasi ikoko, yavanoti Sycamore Gardens.

Ini ndikati, “Kwete, handidhanze.”

⁹² Akati, “Zvino, haudhanze, hauputi, haunwe. Unonakidzwa sei chaizvo?”

⁹³ Ndikati, “Zvinoka, ndinofarira kuredza uye ndinofarira kuvhima.” Izvozvo hazvina kumufadza.

Saka akati, “Tora mudzanga uyu.”

Ini ndikati, “Kwete, amai, ndatenda. Handipute.”

⁹⁴ Zvino ndaive ndakamira pafenda. Vaiva nezvitsikiso zvepamikova pamaFord ekare, munorangarira, uye ndakanga ndakamira pafenda, takagara kumashure, iye neni. Iye ndokuti, “Iwe unoreva kuti hauputi fodya?” Akati, “Uye isu vasikana tine hushingi kupfuura hwaunahwo.”

Ndakati, “Kwete, amai, handitendi kuti ndinoda kuzviita.”

⁹⁵ Akati, “Nhai, iwe uri zigadzi!” Oo, ini zvangu! Ndaida kuva Bill mukuru akaipa, saka ini—ini zvechokwadi hapana chandaida chine chekuita nekuva mukadzi. Munoono, ndaida kuva murwi anozowana mubairo, ndiyo yaive pfungwa yangu yehupenyu. Saka ndakati. . . “Mukadzi! Mukadzi!”

⁹⁶ Handina kukwanisa kuzvigamuchira, saka ndakati, “Ndipe kuno!” Ruoko rwangu rwakatambanuka, ndikati, “Ndichamuratidza kuti ndiri mukadzi here kana kuti kwete.” Ndakatora mudzanga uya ndokutanga kukwenya machisi. Zvino, ndinoziva kuti muri. . . Zvino, ini handina basa nezvamunofunga, ini ndine basa rekutaura chokwadi. Pandakatanga kubatidza mudzanga iwoyo, ndatongotsunga kuuputa sekunhonga kwandingaita Bhaibheri iri, munoono, ndakanzwa chimwe chinhu chichiti, “Whooooosssh!” Ndakaedza zvakare, handina kukwanisa kuusvitsa pamuromo wangu. Zvino ndakatanga kuchema, ndakakandira chinhu chacho pasi. Vakatangana kundiseka. Zvino ndakafamba ndichienda kumba, ndikakwidza nemumunda, ndokugara pasi kunze ikoko, ndichichema. Uye—uye hwakanga huri hupenyu hunorwadza.

⁹⁷ Ndinorangarira rimwe zuva Baba vaidzika kurwizi nevakomana. Ini nemunin’ina wangu, taifanira kukwira igwa tokwira nekudzika nerwizi, tichitsvaga mabhodhoro ekuisa hwiski. Taiwana 5 senzi padhazeni rawo, tichianhonga tichitevedza rwizi. Zvino Baba vaiva neni, zvino vaiva nemamwe madiki aya akapwasharara. . . Ndinotenda kuti aive mabhodhoro aive mahafu paindi. Zvino pakanga pane muti wakanga wakawisirwa pasi nemhepo, zvino Baba. . . Zvino murume uyu aiva navo, VaDornbush. Ndaive nerake. . . Akanga ane igwa rakanaka, uye ndaida kuwanirwa nyasha naye nokuti ndaida kushandisa igwa iroro. Raiva nerudder yakanaka uye rangu rakanga risina rudder zvachose. Taingova nezvikwaso zvemapuranga zvekare

zvekufambisa. Zvino kana vaizonditendera kushandisa igwa iroro...Saka, vakanga vachiita basa rekuweredha zvino vakagadzirira Baba midziyo yekugadzira hwiski. Saka ivo... Vakaisa gumbo ravo rakachinjika pamuti iwoyo, zvino Baba vakapinza ruoko muhomwe yavo yekumashure ndokuburitsa bhodhoro diki dete rehviski, vakaritambidza kwavari ivo ndokudzvuta, ndokudzoserera kuna Baba zvino vachibva vanwa, ndokurigadzika pane kamwe kanhungirwa kadiki kaive padivi pemuti kaibudikira. Zvino VaDornbush vakarisimudza, ndokuti, "Heroka iri, Billy."

Ndikati, "Maita henyu, handinwi."

⁹⁸ Vakati, "MuBranham, uye asinganwe?" Munhu wese akafa achiri wechidiki, potse. Uye akati, "MuBranham, uye asinganwe?"

Ndikati, "Kwete, changamire."

"Kwete," Baba vakati, "Ndakarera mumwe mukadzi."

⁹⁹ Baba vangu vachinditi mukadzi! Ndikati, "Nditambidzei bhodhoro iroro!" Zvino ndakadhonza chivharo chiya kubva pamusoro paro, ndatotsunga kuinwa, zvino pandakatanga kurisimudza mudenga, "Whooooossh!" Ndakadzoserera bhodhoro riya ndokudzika nemumunda nesimba randaigona, ndichichema. Chimwe chinhu chaisanditendera kuzviita. Maona? Handaikwanisa kutaura kuti ndakanga ndakanaka (ndaive ndakatotsunga kuzviita), asi ndiMwari, nyasha, nyasha dzinoshamisa dzakandidzivisa kuita zvinhu izvozvo. Ndaida kuzviita, pachangu, asi haVana kunditendera kuti ndizviite.

¹⁰⁰ Gare-gare ndakazowana musikana ndiine makore angangoita 22 okuberekwa, aive mudiwa. Akanga ari musikana aienda kucheche, German Lutherani. Zita rake ainzi Brumbach, B-r-u-m-b-a-c-h, rinobva pazita rekuti Brumbaugh. Zvino akanga ari musikana akanaka. Akanga asingasvuti kana kunwa, kana-kana kusaita zvemadhanzi kana chero chii zvacho, musikana akaisvonaka. Ndakafambidzana naye kwechinguva chidiki, uye ndai...Zvino, angangoita 22, ndakaita mari yakakwana kusvikira ndazozvitengera Ford yekare, uye ini... taibuda tichinopedza nguva tiri pamwe chete. Zvino saka, panguva iyoyo, pakanga pasina chechi yechiLutherani yaive pedyo, vakanga vatama kubva kuHoward Park kumusoro uko.

¹⁰¹ Uye saka vaive...mumwe mushumiri, uyo akandigadzira muchechi yeMissionary Baptisti, Chiremba Roy Davis. Hanzvadzi Upshaw, ivo vacho vakatumira Hama Upshaw kwandiri, kana kuti vakataura navo pamusoro pangu, Chiremba Roy Davis. Zvino saka vakanga vachiparidza, uye vaine First Baptist church, kana kuti izvo-izvo...Handitendi kuti yaive First Baptist church, zvakare, yaive Mission-... yainzi chechi yeMissionary Baptisti kuJeffersonville. Zvino vakanga vachiparidza panzvimo iyoyo panguva iyoyo, uye

taienda kuchechi husiku, saka . . . uye taizodzoka. Uye handina kumbojoinha chechi, asi ndaingofarira kuenda naye. Nekuti nyaya ine basa kwaive “kuenda naye,” ndichangotaurawo zvangu chokwadi.

¹⁰² Saka zvino kuenda naye, uye rimwe zuva ini . . . Aibva kumhuri yakaisvonaka. Zvino ndakatanga kufunga, “Munoziva, munoziva, handifanire kutora nguva yemusikana iyeye. Hazvina—hazvina kunaka, nekuti musikana akanaka, uye ini ndiri murombo uye—uye Ini . . .” Baba vangu vakanga vatoderera pahutano, uye ini—ini . . . Pakanga pasina nzira yekuti ndingariritire musikana akadaro, akanga ajaira imba yakanaka nemakapeti pasi.

¹⁰³ Ndinorangarira kapeti yekutanga yandakamboona, handina kuziva kuti yaive chii. Ndakafamba ndichinyenyeredza nekurutivi. Ndakafunga kuti ndicho chinhu chakanakisisa chandati ndamboona muhupenyu hwangu. “Vangaise sei chinhu chakadaro pasi?” Yaiva kapeti yekutanga yandati ndamboona. Yaiva—yaiva imwe yedziya . . . Ndinotenda kuti inonzi “zvimameti.” Ndinogona kunge ndazvireva zvisizvo. Chakada kuita se “chimeti chakarukwa” kana chimwe chinhu chakarukwa pamwe chete, uye chakaiswa pasi. Chakanaka chine pegirini nepatsvuku, neruva guru rakaiswa pakati pachu, munoziva. Chaive chinhu chakanaka.

¹⁰⁴ Uye saka ndinorangarira nda—ndakazotsunga kuti ndaifanira kumutaurira kuti ndimuroore, kana kuti ndosiya hangu ndorega mumwe murume akanaka amuroore, mumwe munhu angave akanaka kwaari, aigona kumuriritira uye anogona kumubata zvine mutsa. Ndinogona kumuitira mutsa, asi nda—nda—ndaingotambira 20 senzi paawa. Saka ndaisazokwanisa kunyatsomuriritira. Uye ini . . . Nemhuri yose yataifanira kuriritira, uye Baba vaderera muhutano, uye ndaifanira kuvariritira vose, saka ndaiva panguva yakaoma zvikuru.

¹⁰⁵ Saka ndakafunga, “Zvinoka, chinhu choga chekuti ndiite kumuudza kuti ini—ini . . . iye . . . Ini—ini handisi kuzongodzoka, nekuti ndaifunga nezvake zvakanyanya zvekusada kukanganisa hupenyu hwake uye kumurega achifambidzana neni.” Ndakabva ndafunga, “Dai mumwe munhu akakwanisa kumuwana nekumuroora, voita musha wakanaka. Uye pamwe kana ndikasakwanisa kumuwana, ndaigona—ndaigona kuziva kuti aifara.”

¹⁰⁶ Uye saka ndakafunga, “Asi ini—ini handisi kutongo—ini handisi kutongogona kumusiya achienda!” Zvino nda—ndainge ndiri muchinhano chakaoma. Zvino zuva nezuva ndaifunga nezvazvo. Saka ndainyara zvikuru kuti ndimuti tingaroorane here. Husiku hwega—hwega ndaitsunga kuti, “Ndiri kuzomuudza.” Zvino, apo ini, uh, chii ichocho, kuhuta-

huta, kana chimwe chinhu chaunowana mako...? Imi mose hama kunze uko zvichida makava nechitiko chimwe chete pane izvozvo. Uye manzwiwo asinganzwisiki chaiwo, chiso changu chaibva chapisa. Ini—ini ndaisaziva. Ndaisakwanisa kumuudza.

¹⁰⁷ Saka ndodaira kuti munoshaya kuti ndakazoroora sei. Munozivei? Ndakamunyorera tsamba ndikamuudza. Uye saka iye...Zvino, yakanga isiri “wadiwa Muzvare,” yaive yakati rerekerei zvishoma (munoziva) kudivi rerudo pane izvozvo. Yakanga isingori chi—chibvumirano, yaive...nda—ndakainyora, nekugona kwese kwandaikwanisa.

¹⁰⁸ Zvino ndaiti ityei amai vake zvishoma. Mai vake vaive... vaive vakaita sekuti kwashararei. Uye, asi baba vake vakanga vari mutana wechiDutch akapfava, vangori mutana akaisvonaka. Vakanga vari murongi wekirabhu, yevafambisi vezvitima, panjanji, vachiwana madhora 500 pamwedzi munguva idzodzo. Uye ini ndichiwana 20 senzi paawa, kuti ndiroore mwanasikana wavo. Uh! Ndaiziva kuti hazvaimbofa zvakashanda. Uye mai vake vaive chaizvo...Zvino, vari mudzimai akanaka. Uye va—vainge vari mumwe wevanhu vava vezviyero zvepamusoro, munoziva, uye vakaita sevane kakusarudza-sarudza, munoziva, zvino saka vakange vasina basa neni zvakanyanya hazvo. Ndaingova mukomanawo zvake wekumaruzevha, uye vaifunga kuti Hope aifanira kufambidzana nemukomana wechiyero chiri nani, uye ndi—ndi—ndinofunga vakanga vari raiti. Uye saka...Asi ini—ini ndaisazvifunga panguva iyoyo.

¹⁰⁹ Saka ndakafunga, “Manje, zvinoka, handizivi kuti zvoitwa sei. Ini—ini handikwanise kukumbira baba vake, uye ndi—ndine chokwadi chekuti handisi kuzokumbira amai vake. Zvino saka ndinofanira kumutaurira iye kutanga.” Saka ini ndakanyora tsamba. Uye mangwanani iwayo ndiri munzira kuenda kubasa, ndakaidonhedzera mubhokisi retsamba. Tsamba...Takanga tichienda kuchechi manheru eChitatu, zvino waiva musi weMuvhuro mangwanani. Ndakaedza zuva rose reSvondo kumuudza kuti ndaida kuroora, zvino handina kutongokwanisa kuwana hushingi hwakakwana.

¹¹⁰ Saka ndakabva ndaikanda mubhokisi retsamba. Zvino ndiri kubasa zuva iroro ndakaita sekufunga, “Ko kana mai vake vakabata tsamba iyoyo?” Oo, ini zvangu! Ndakabva ndaziva kuti ndaparara kana—kana vakazoibata, nokuti vakanga vasina basa neni zvakanyanya. Zvino, ndaingodikitira.

¹¹¹ Zvino manheru eChitatu iwayo pandakauya, oo, ini zvangu, ndakafunga, “Ndaizoenda kumusoro ikoko sei? Kana amai vake vakabata tsamba iyoyo vachanyatsoshanda neni, saka ndinovimba kuti akaiwana.” Ndakainyorera kuna “Hope.” Ndiro raiva zita rake, Hope. Saka ndakati, “Ndichangoinyora apa kuna

Hope.” Uye saka . . . Zvino ndakafunga kuti pamwe aigona kunge asina kuiwana.

112 Saka ndaiziva zviru nani pane kumira panze ndomuridzira bhero kuti abude. Oo, ini zvangu! Zvino mukomana chero hake asina hushingi hwakakwana hwekuti afambe achisvika pamba achigogodza pamusuwo kuti akumbire musikana, haafaniri kunge achienda kunze naye zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Zvakapusa chaizvo. Zvakaderera.

113 Uye saka ndakamisa Ford yangu yakare, munoziva, zvino ndaive ndakaigeza ichipenya. Zvino saka ndakakwira ndikagogodza pamusuwo. Nhai vedu, amai vake vakauya kumukova! Ndakatadza kana nekufema, ndakati, “Ma—ma—makadini, Mai Brumbach?” Hongu.

114 Vakati, “Wakadini, William.”

Ndakafunga, “Uh-oo, ‘William’!”

Zvino—zvino vakati, “Ungapindewo here?”

115 Ndikati, “Ndatenda.” Ndakapinda mukati memukova. Ndikati, “Hope atogadzirira here?”

116 Zvino ipapo Hope akabva auya achisvetuka-svetuka mumba, angori musikana angangova ne 16. Iye ndokuti, “Mhoro, Billy!”

117 Ini ndikati, “Mhoro, Hope.” Ini ndikati, “Wagadzirira kuenda kucheche here?”

Akati, “Munguva shoma-shoma.”

118 Ndakafunga, “Oo, ini zvangu! Haana kumboiwana. Haana kumboiwana. Zvakanaka, zvakanaka, zvakanaka. Hope haana kumboiwanawo zvakare, saka zvichange zviru raiti, nekuti angadai azvitaure kwandiri.” Saka ndakanzwa zvakanaka kwazvo.

119 Zvino pandakasvika kucheche, ndakaerekana ndafunga kuti, “Ko kana akaiwana?” Maona? Zvino ndaisambonzwa zvaitaurwa naChiremba Davis. Ndakamutarisa, uye ndikafunga, “Kuti pamwe ari kungozvinyarara hake, uye ari kuzondiudzurudza kana ndabuda muno, nekuda kwekumutaurira izvozvo.” Zvino ndaisambonzwa zvaitaurwa naHama Davis. Zvino—zvino ndakamutarisa, ndikafunga kuti, “Ini zvangu, handidi kumurega achienda, asi . . . Uye ini—ini . . . mangange acho zvechokwadi ari kuuya.”

120 Saka mushure mecheche takatanga kufamba tichidzika nemugwagwa pamwe chete, tichienda kumba, uye—uye saka takafamba tichienda kuFord yekare. Uye saka nguva yese iyi mwedzi waipenya zvakajeka, munoziva, ndaimutarisa zvino aive akanaka. Vakomana, ndaimutarisa, ndofunga, “Ini zvangu, ndingade sei kuva naye, asi ndofungidzira kuti handikwanise.”

121 Zvino saka ndakafamba ndikaenda mberi zvisihoma, munoziva, zvino ndokumutarisa zvakare. Ndakati, “Uri—uri kunzwa sei manheru ano?”

Iye akati, “Oo, ndiri raiti zvangu.”

122 Zvino takamisa Ford yakare ndokutanga kubuda, munoziva, padivi, tikafamba nepakona uye ndokuenda kumba kwavo. Zvino ndakanga ndiri kufamba ndichienda kumusuwu naye. Ndakafunga, “Unoziva, pamwe haana kumbobvira akawana tsamba, saka ndotongokanganwa zvangu nezvazvo. Ndichava nerimwe vhiki renyasha zvisinei.” Saka ndakasvika pakunzwa zvakanaka kwazvo.

Akati, “Billy?”

Ndakati, “Hee.”

Akati, “Ndakawana tsamba yako.” Oo, ini zvangu!

Ndikati, “Wakaiwana?”

123 Akati, “Uh-huh.” Zvinoka, akangoramba achifamba, haana kana rimwe shoko raakataura.

124 Ndakafunga, “Mudzimai, ndiudze chimwe chinhu. Ndidzinge kana kuti ndiudze zvaunofunga nezvayo.” Ini ndikati, “Waka—wakaiverenga here?”

Akati, “Uh-huh.”

125 Ini zvangu, munoziva kuti mukadzi anogona sei kukugarisa uri mukufungira. Oo, nda—ndanga ndisingazvireve nenzira iyoyo, munooni. Maona? Asi, zvisinei, munoziva, nda—ndakafunga, “Wadii wataura chimwe chinhu?” Munooni, zvino ndakaramba ndichienderera mberi. Ndakati, “Wakaiverenga yose here?”

Uye iye...[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Uh-huh.”

126 Saka takange tave kutosvika pamusuwu, zvino ndakafunga, “Vakomana, usandiise pavharanda, nekuti ndingatadza kuzovatiza, saka chindiudza zvino.” Uye saka ndakaramba ndakamirira.

127 Iye ndokuti, “Billy, ndinoda kuita izvozvo.” Akati, “Ndinokuda.” Mwari varopafadze mweya wake zvino, ari muKubwinya. Akati, “Ndinokuda.” Akati, “Ndinofunga tinofanira kuudza vabereki wedu...vabereki nezvazvo. Haufungi kudaro here?”

128 Ini ndikati, “Mudiwa, chinzwaka, ngatitangei nokuita hafu-hafu zvatichawirirana.” Ndakati, “Ndichaudza baba vako kana iwe ukaudza amai vako.” Ndichimunakurira chikamu chakaoma paari, kutanga kwacho.

Akati, “Zvakanaka, kana ukatanga waudza Baba.”

Ndikati, “Zvakanaka, ndichavaudza Svondo manheru.”

129 Uye saka manheru eSvondo akasvika, ndakamuunza kumba kubva kuchechi uye ini. . . Akaramba achinditarisa. Zvino ndakatarisa, zvino dzakanga dzava 9:30, yakanga yava nguva yokuti ndichienda. Saka Charlie aive akagara patafura yake, achitaipa zvake. Uye Mai Brumbach vakagara pakona, vachiita havu zvekuruka, munoziva, kana twuya tudiki twedenderedzwa twamunoisa pamusoro pezvinhu, munoziva. Handizivi kuti munotwudaidza kuti chii. Uye saka vakanga vachiita zvimwe zvezvinhu zvakadaro. Zvino Hope akaramba akanditarisa, zvino aindifinyamira, munoziva, achikanda ziso kuna baba vake. Uye ini. . . Oo, ini zvangu! Ndakafunga, “Ko kana vakati, ‘Kwete?’” Saka ndakatanga kunobuda pamukova, ndikati, “Zvakanaka, ndinofunga kuti regai ndiende ini.”

130 Zvino ndakafamba ndichienda kumusuwo, uye—uye ndokubva auya neni kumusuwo. Aigarouya kumusuwo achindiudza kuti “Uve nemanheru akanaka.” Saka ndakatanga kuenda kumusuwo, iye ndokuti, “Hausi kuvaudza here?”

131 Ini ndikati, “Huh!” Ndakati, “Ndiri kuyedza zvechokwadi kudaro, asi ini—ini—ini handizivi kuti ndichazviita sei.”

132 Zvino iye ndokuti, “Ndichangodzokera uye iwe wovadaidza kunze.” Saka akafamba achidzokera ndokundisiya ndakamira ipapo.

Zvino ndakati, “Charlie.”

Akatendeuka ndokuti, “Watii, Bill?”

Ndikati, “Ndingataurawo newe kwechinguvana here?”

133 Akati, “Chokwadi.” Akatendeuka achibva patafura yake. Mai Brumbach vakamutarisa, ndokutarisa Hope, ndokunditarisa.

Ini ndikati, “Ungauyawo here panze pavheranda?”

Zvino akati, “Hongu, ndichabuda.” Saka akafamba ndokuuya pavheranda.

Ndakati, “Chokwadi husiku hwakanaka, handizvo here?”

Zvino akati, “Hongu, ndizvo.”

Ndakati, “Chokwadi kwange kuchidziya.”

“Zvechokwadi kwange kuri,” akanditarisa.

134 Ndikati, “Ndanga ndichishanda zvakaomarara kwazvo,” ndakati, “munoziva, kunyangwe maoko angu ari kuita mhoni.”

Akati, “Unogona kumutora hako, Bill.” Oo, ini zvangu! “Unogona kumutora zvako.”

135 Ndakafunga, “Oo, zviri nani.” Ndakati, “Unorevesa here, Charlie?” Akati. . . Ndakati, “Charlie, tarisa, ndinoziva kuti mwanasikana wako, uye une mari.”

¹³⁶ Akabva atambanudza ruoko ndokundibata ruoko. Akati, “Bill, inzwaka, mari haisi zvese zviru muhupenyu hwevanhu.” Akati. . .

¹³⁷ Ndikati, “Charlie, ndi—ndinowana 20 senzi chete paawa, asi ndinomuda uye iyewo anondida. Uye ndinokuvimbisa, Charlie, kuti ndichashanda kusvika idzi. . .mhoni dzapera pamaoko angu, kuti ndimuriritire. Ndichava ndakatendeka kwaari sezvandinogona kuva.”

¹³⁸ Akati, “Ndinozvitenda izvozvo, Bill.” Akati, “Inzwa, Bill, ndinoda kukuudza.” Akati, “Unoziva, mufaro, hazvitorere mari bedzi kuti mufare.” Akati, “Ingomuitira zvakanaka. Uye ndinoziva kuti uchadaro.”

Ndakati, “Ndatenda, Charlie. Chokwadi ndichaita izvozvo.”

¹³⁹ Zvino yaive nguva yake yekuudza Amai. Handizive kuti akabudirira sei, asi takaroorana.

¹⁴⁰ Saka, patakaroorana, takanga tisina chinhu, pasina chekutangisa imba nacho. Ndinofunga kuti taiva nemadhora 2 kana 3. Saka takaroja imba, yaitiitira madhora 4 pamwedzi. Yaiva nzvimbo duku, yekare ine makamuri 2. Uye mumwe munhu akatipa mubhedha wakare unopetwa. Hameno kana paine akamboona mubhedha wakare unopetwa? Zvino vakatipa iwoyo. Uye ndakaenda kwaSears and Roebucks ndikatora tafura duku ine macheya 4, zvino ya—yakanga isina kupendwa, munoziva, uye takazviwana nenguva. Uye saka zvino saka ndakaenda kuna VaWeber, mutengesi wezvinhu zvakasiyana-siyana, ndikatenga chitofu chokubikisa. Ndakachibhadharira 75 senzi, uye nedhora neimwe pamusoro yezvisimbi zvepachitofu. Takabva tashongedza imba. Ndinorangarira ndichitora nekupenda girinhi pazvigarro, pandakazvipenda. Uye, oo, takanga tichifara, zvakadaro. Takanga tiine mumwe nomumwe, saka ndizvo zvose zvakanga zvine basa. Uye Mwari, netsitsi dzaVo nekunaka kwaVo, takanga tiri vaviri vadiki vainyanyisa kufara kupfuura vamwe vose vaigona kuva panyika.

¹⁴¹ Ndakaona izvi, kuti mufaro hausi muhuvandu wehupfumi hwepanyika hwaunahwo, asi kuti wakagutsikana zvakadii nechikamu chakagoverwa kwauri.

¹⁴² Uye, mushure mechinguva, Mwari vakaburuka vakaropafadza musha wedu muduku, takava nemwanakomana mudiki. Zita rake ainzi Billy Paul, ari mushumiro izvozvi pano. Uye mushure mechinguvana kubva ipapo, mwedzi ingangoita 11, Vakatiropafadza zvakare nemusikana mudiki ainzi Sharon Rose, rakatorwa pashoko rokuti “Ruva reSharoni.”

¹⁴³ Uye ndinorangarira rimwe zuva ndakanga ndachengeta mari yangu uye ndaizoenda kuzororo diki, ndichikwidza kune imwe nzvimbo, Dziva rePaw Paw, kunoraura. Uye ndiri munzira yangu kudzoka. . .

144 Zvino panguva iyi...Ndiri kusiya kutendeuka kwangu. Ndakatendeuka. Zvino ndakagadzwa naChiremba Roy Davis, muचेची yeMissionary Baptisti, uye ndikava mushumiri ndokuva netabhenakeri yandinoparidza mairi muJeffersonville. Zvino ndakanga ndichifudza चेची duku. Uye ini...

145 Pasina mari, ndakafudza चेची makore 17 uye handina kuwana kana sendi rimwe chete zvaro. Ndaisatenda mukuto-... Makanga musina kana ndiro yemupiro mairi. Uye chegumi chandaive nacho kubva kubasa, nezvimwe zvakadaro, ndaive nekabhokisi kadiki kumashure kwechivakwa, kaiti, kachiratidzo kadiki pachiri, "Sezvawakaitira kune mumwe wevadukusa vaNgu ava vaduku, wakazvitira iNi." Uye zvakare ndiwo mabhadharirwo akaitwa चेची. Takanga tine chikwereti chemakore 10 kuti tichibhadhare, zvino chikabhadharwa mumakore asingadariki 2. Uye handina kumbotora mupiro werudzi rwupi zvarwo.

146 Zvino ndaiva, oo, nemadhora mashoma andakanga ndachengetera zororo rangu. Aishandawo, zvakare, paFine's Shirt Factory. Musikana akaisvonaka anodikanwa. Zvino guva rake zvichida rine mazaya echando nhasi, asi achiri mumoyo mangu. Zvino ndinorangerira apo akashanda nesimba kwazvo kuti andibetsere kuita mari inokwana yokuenda kumusoro kudziva iri kundoredza.

147 Zvino pandakanga ndichidzoka kubva kudziva, ndakatanga kuona, ndichipinda muMishawaka neSouth Bend, Indiana, zvino ndakatanga kucherechedza mota dzaive dzakanyorwa kumashure, dzakanzi, "Jesu Chete." Zvino ndakafunga, "Zvinonzwika sezvinoshamisa, 'Jesu Chete.'" Zvino ndakatanga kucherechedza zviratidzo izvozvo. Uye zvaiva chero pose kubva pamabhasikoro, maFord, maCadillac, nezvimwewo, "Jesu Chete." Zvino ndakatevera vamwe vavo zasi, zvino vakasvika pachechi huru kwazvo. Uye ndakazoziva kuti vaive maPentekosti.

148 Ndakanga ndanzwa nezvemaPentekosti, asi vakanga vari boka re "vaumburuki vatsvene vaizvambarara pasi uye vachipupa furo pamiromo yavo," uye nezvese zvavakandiudza nezvazo. Saka ndaisada kuwana chokuita nezvazo.

149 Saka ndakavanzwa vose vachienderera imomo, ndikafunga, "Ndinotenda kuti ndichangofamba ndichipinda." Saka ndakamisa Ford yangu yakare ndikapinda, uye kuimba kwose kwausati wakambonzwa muhupenyu hwako! Zvino ndakazooka kuti kwaiva nemachechi 2 makuru, imwe yawo ichinzi P.A. yaJ.C., uye neP.A. yaW., vazhinji venyu imi vanhu mungarangerira ekare aya masanga-...Ndinofunga vakabatana, vachinzi zvino, uye vachinzi चेची yeUnited Pentecostal. Zvino, ndakateerera vamwe vevadzidzisi vavo. Zvino vakanga vakamira ipapo, oo, vachidzidzisa nezvaJesu

uye nokuva mukuru kwaAive, uye nokukura kwaive kwakaita zvinhu zvose, uye nezverumwe “rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.” Ndakafunga, “Vari kutaura nezvei?”

¹⁵⁰ Zvino, mushure mechinguva, mumwe munhu akakwakuka achisimuka ndokutanga kutaura nendimi. Zvino, handina kumbonzwa zvakadaro muhupenyu hwangu. Zvino hepanoi mumwe mudzimai achiuya ipapo achimhanya nesimba rake rose. Zvino vese vakabva vasimuka ndokutanga kumhanya. Zvino ndakafunga, “Asika, hama, zvechokwadi havana kana tsika dzemuचेchi!” Kuzhambatata nekudanidzira nekuenderera, ndakafunga, “Nderimwewo boka iri!” Asi, munoziva, chimwe chinhu pamusoro pazvo, pandaingoramba ndigere ipapo, ndakatanga kuwedzera kuzvifarira. Paiva nechimwe chinhu chairatidza kuva chakanaka kwazvo. Zvino ndakatanga kuvatarisa. Zvino zvakaenderera mberi. Ndakafunga, “Ndichangotsungirira navo kwechinguva, nokuti ndicha... Ndiri pedyo nemusuwo. Kana chero chipi zvacho chikatanga zvisina tsarukano, ndichamhanya ndichibuda napamusuwo. Ndinoziva pakapakwa motokari yangu, kungopota pakona.”

¹⁵¹ Zvino ndakatanga kunzwa vamwe vaya vaparidzi, vaiva vakadzidza nevadzidzi. Handiti, ndakafunga, “Zvakanaka.”

Saka yakasvika nguva yekudya kwemanheru, ndokuti, “Munhu wose ngaauye kuzodya.”

¹⁵² Asi ndakafunga, “Mira zvishoma. Ndine dhora ne 75 senzi yekuti ndiende kumba, uye ini. . .” Ndiyo chete yandaiva nayo pamari yepeturu. Ndakangotora iyoyo kuti indiendese kumba. Zvino ndaiva neFord yangu yekare, yaiva Ford yakare yakanaka. Yakanga isina kudzokera shure, yaive yakangofanana neiyi iri kunze uku, yangosakara hayo. Uye iyo. . .Ini ndinotenda chaizvo kuti Ford yaizoenda mamaira 30 paawa, asi chaizvo aive mamaira 15 kuenda *neuku* uye 15 *neuku*. Munoono, ukaabatanidza, une 30. Uye saka izvo. . .Ndakafunga, “Zvino, husiku ihwohwo ndinofunga ndichabuda mushure me. . .” Ndakagarira shumiro yemanheru.

¹⁵³ Uye, oo, akati, “Vaparidzi vose, zvisinei nesangano, huyai kupuratifomu.” Zvino, takanga tiri vangaite 200 vedu kumusoro ikoko, ndakaendako kumusoro. Zvino saka akati, “Zvino, hatina nguva yekuti imi mose muparidze.” Akati, “Ingofamba uchitaura kuti ndiwe ani uye unobva kupi.”

¹⁵⁴ Zvino, yakasvika nguva yangu, ndikati, “William Branham, Baptisti. Jeffersonville, Indiana.” Ndokufamba ndichipfuura.

¹⁵⁵ Ndainzwa vamwe vese vachizvidaidza kuti, “Pentecostal, Pentecostal, Pentecostal, P.A. yaW., P.A.J.C., P.A.W., P. . .”

¹⁵⁶ Ndakafamba ndichipfuura. Ndakafunga kuti, “Zvinoka, ndinofungidzira kuti ndiri zambiringa munyemba.” Saka ndakagara pasi, ndikamirira.

¹⁵⁷ Uye, zuva iroro, vakanga vane vaparidzi vechidiki vakanaka, kunze ikoko, zvino vakanga vaparidza zvine simba. Ndokubva vati, “Uyo ari kuzounza mharidzo manheru ano ndi. . .” Ndinotenda kuti vaimudaidza kuti, “Eredha.” Zvino vashumiri vavo, panzvimbo yekuti “Mufundisi,” aive “Eredha.” Zvino vakaunza mutana wechitema kunze ikoko, zvino akanga aine rimwe remabhachi evaparidzi rechinyakare. Handifungi kana makamboona rimwe. Besu rakareba serenjiva kumashure, munoziva, nekora yevherivheti, uye akanga achingori nekamutsara kadiki kebvudzi kakatenderedza musoro wake. Mutana anonzwise urombo, akabuda sezvizvi, munoziva. Zvino akamira ipapo ndokutendeuka. Zvino apo vaparidzi vose vainge vachiparidza nezvaJesu nehukuru. . .kuti Aiva mukuru sei, nezvimwe zvakadaro, mutana iyeye akatora chidzidzo chake kubva muna Jobho. “Wakanga uripi pandakaisa nheyo dzenyika, kana apo nyamatsatsi dzamangwanani dzakaimba pamwe chete uye vanakomana vaMwari vakadanidzira nomufaro?”

¹⁵⁸ Zvino mutana anonzwise urombo, ndakafunga, “Sei vasina kuisa vamwe vemachinda echidiki ava kumusoro ikoko kuti vaparidze?” Hukuru. . .nzvimbo yacho yakanga yakazara uye vakamanikidzana. Zvino ndakafunga kuti, “Sei vasina kuita izvozvo?”

¹⁵⁹ Saka zvino mutana uyu, pachinhambo chokuti aparidze zvakanga zviri kuitika pasi pano panyika, akatanga kuparidza zvaitika Kudenga nguva dzose. Zvino, akaMutora ari kumavambo—kumavambo enguva, ndokuMudzosa muKuuya Kwechipiri achidzika nemuraraungu wakatambarara. Chokwadi, handina kumbonzwa kuparidza kwakadaro muhupenyu hwangu! Nenguva iyoyo Mweya wakamubata, akakwakuka mudenga zvakada kusvika *apa* ndokurovanisa zvitsitsinho zvake pamwe chete, ndokudzosea mapendekete ake kumashure ndokuenda achifamba nezvidodoma achibva papuratifomu iya, akati, “Hamuna nzvimbo yakakwana kumusoro kuno yekuti ndiparidze.” Zvino akanga ane nzvimbo yakawanda kupfuura yandinayo pano.

¹⁶⁰ Ndakafunga, “Kana Zvikaita kuti mutana aite sezvizvi, Zvingaite sei kana Zvikauya pandiri?” Nda—ndakafunga, “Zvichida ndinoda zvimwe zveiZvozvo.” Handiti, paakauya kunze ikoko, ndakanzwira mutana uyu tsitsi. Asi, paakaenda, ndakanga ndochizvinzwira urombo pachangu. Zvino ndakamutarisa achibva ipapo.

¹⁶¹ Ndakabuda husiku ihwohwo, uye ndokufunga, “Zvino, mangwanani anotevera handisi kuzoita kuti ani zvake azive kuti kupi kwacho, kuti ndini ani.” Saka ndakaenda, uye usiku ihwohwo ndakadzvanyidzira mudhebehe wangu. Ndakatora. . . ndakaenda mumunda wechibage kunorara, uye ndikaenda zasi ndokunozvitengera mamwe mabhanzi aive agarisa. Iwe. . . Ndakatenga akawanda awo ekobiri re 5 senzi. Paiva nepombi

yemvura zasi ikoko, ndokuchera mvura. Saka ndaiziva kuti aya aizondikwanira kwechinguva, saka ndakazvicherera mvura ndokuinwa, ndokuenda ndokunodya mabhanzi angu. Ndokudzoka ndokunwa imwezve mvura. Ndakaenda mumunda wechibage, ndikatora zvigaro 2 ndokugadzika mudhebhe wangu mudiki imomo, ndokuudzvanyira pachigaro.

¹⁶² Zvino, husiku ihwohwo, ndakanamata potse husiku hwose. Ndakati, “Ishe, chiiko ichi chandapinda machiri? Handisati ndamboona vanhu vanonamata vakadai muhupenyu hwangu.” Ini ndikati, “Ndibatsireiwo ndizive kuti ndezvei.”

¹⁶³ Zvino mangwanani akatevera ndakaenda zasi ikoko. Vakatikoka kunodya chikafu chemangwanani. Chokwadi, ndaisauya kuzodya navo, nokuti ndakanga ndisina chokuisa mumupiro. Zvino ndakangodzokera. Zvino mangwanani akatevera pandakapinda, handiti (ndakadya mamwe emabhanzi angu), ndokugara pasi. Uye vaive vakaisa maikirofoni. Zvino ndakanga ndisati ndamboona maikirofoni kumashure, uye ndaitya chinhu ichocho. Saka ivo... Uye yakanga ine tambo duku yakaremba kumusoro kuno, uye iyo yakaremba pasi. Imwe yemamaiki iwayo akaremba pasi, zvakada kudaro. Zvino akati, “Husiku hwapfuura, papuratifomu, pakanga paine muparidzi wechidiki pano, muBaptisti.”

Ndakafunga kuti, “Uh-oo, ndava kuzopinda panguva yakaoma zvino.”

¹⁶⁴ Zvino akati, “Akanga ari muparidzi mudukusa pane vose papuratifomu. Zita rake ainzi Branham. Pane anoziva kwaari here? Muudzei auye kuno, tinoda kuti aunze mharidzo yemangwanani.”

¹⁶⁵ Oo, ini zvangu! Ndakanga ndakapfeka kaT-shati kadiki, nekamwewo kamudhebhe, munoziva. Uye isu maBaptisti tinotenda kuti unofanira kunge wakapfeka sutu, kuti uende papurupiti, munoziva. Saka... Zvino ini—ini ndakangogara zvangu ndakanyatsodzikama. Uye munguva... Vakautira kumusoro kuChamhembe ipapo nekuti (konivhenisheni yavo yenyika dzakawanda) vanhu vatema havaikwanisa kuuya kwairi kana yaiva kuMaodzanyemba. Vaiva nevatema ipapo, uye ini ndakanga ndiri wekuMaodzanyemba, ndakanga ndichakakwasharara, munoona, ndichifunga kuti ndaiva nani pane mumwe munhuwo zvake. Zvino zvakaitika kuti mangwanani iwayo, paive pakagara pedyo neni chaipo mumwe murume we—wechitema. Saka ndakagara uye ndikamutarisa. Ndakafunga, “Zvinoka, ihama.”

¹⁶⁶ Uye akati, “Pane anoziva here kuna William Branham?” Ndikatanga kudzikira muchigaro *sekudai*. Saka akati, akazvizivisa kechipiri, akati, “Pane here ani zvake ari kunze” (adhonzera maiki iyi kwaari) “anoziva kuna William Branham? Muudzei kuti tinomuda papuratifomu kuitira

mharidzo yemangwanani. Muparidzi weBaptisti anobva kumaodzanyemba kweIndiana.”

¹⁶⁷ Ndakangogara ndakanyatsodzikama ndokukotamira pasi, munoziva. Hapana aindiziva, zvisinei. Mukomana uya wechitema akanditarisa, akati, “Unoziva here kwaari?”

¹⁶⁸ Ndakafunga. Nda—ndaitofanira kuti ndinyepe kana kuita chimwe chinhu. Saka ndakati, “Swedera kuno.”

Akati, “Hongu, changamire?”

Ndikati, “Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu.” Ndakati, “Ndi—ndini wacho.”

Akati, “Saka, endaka kumusoro uko.”

¹⁶⁹ Ini ndikati, “Kwete, handikwanise. Unoona,” ndakati, “ndakapfeka kamwewo kamudhebhe kadiki kakare neT-shati diki iyi.” Ndikati, “Handingakwanisa kukwira ikoko.”

¹⁷⁰ Akati, “Vanhu ivava havana basa nemapfekero ako. Enda kumusoro uko.”

Ndakati, “Kwete, kwete.” Ndakati, “Rambai wakanyarara, usataure chinhu zvino.”

¹⁷¹ Zvino vakadzoka pamaiki muchinguvana, ndokuti, “Pane anozivawo here kuna William Branham?”

¹⁷² Akati, “Heuno ari pano! Heuno ari pano! Heuno ari pano!” Oo, ini zvangu! Ipapo ndakabva ndasimuka ndakapfeka T-shati diki iya, munoziva. Uye apa ini. . .

¹⁷³ Akati, “Huyai kumusoro, VaBranham, tinoda kuti mupe mharidzo.” Oo, ini zvangu, pamberi pevaparidzi vose ivavo, uhm, vanhu vose ivavo! Zvino ndakaenda ndichiverevedza, munoziva. Chiso changu chatsvuka, uye nzeve dzangu dzichipisa. Zvino ndakaendako zvinyoro-nyoro, kamwewo kamudhebhe neT-shati, muparidzi, Muparidzi weBaptisti achienda kumaikirofoni, asati amboona imwe kumashure, munoona.

¹⁷⁴ Zvino ndakamira kumusoro ikoko, ndikati, “Zvinoka, ini—ini—ini handizivi pamusoro peizvi.” Ndaive ndotsvaka mashoko, ndichihutahuta, munoziva. Zvino—zvino ndakavhura kuna Ruka 16, ndikafunga, “Zvakanaka, zvino. . .” Zvino nda—ndakapinda muchidzidzo chokuti, “Zvino akasimudza meso ake ari mugehena, ndokuchema.” Uye ndaka. . . Saka nda—ndakatanga kuparidza, munoziva, ndikatanga kuparidza ndikanzwa zviri nani. Ini ndikati, “Mupfumi akanga ari mugehena, uye akachema.” Mazwi madiki aya 3, semharidzo dzakawanda dzandinadzo dzakadaro, “Unotenda Izvi Here,” uye “Taura Kudombo,” makandinzwa ndichidziparidza. Uye ndaive ndine, “Ndokubva achema.” Ini ndikati, “Hakuna vana ikoko, zvirokwasvo kwete mugehena. Akabva achema.” Ndikati, “Hakuna maruva ikoko. Akabva achema. Hakuna Mwari ikoko. Akabva achema. Hakuna Kristu ikoko. Akabva achema.”

Ndikabva ndachema. Chimwe chinhu chakandibata. Ini zvangu! Oo, ini zvangu! Mushure mazvo, handizivi zvakaitika. Pandakaita sekubengenuka, ndaive ndakamira panze. Vanhu ivavo vakatanga kuzhambatata nokudanidzira nokuchema, zvino ini, takava nenguva yaishamisa.

¹⁷⁵ Pandakabuda panze paiva nemumwe muchinda akauya kwandiri akapfeka ngowani huru yekuTexas, manjombo makuru, akafamba achiuya, akati, “Ndini Eredha *Nhingi-nhingi*.” Muparidzi, akapfeka manjombo evakomana vemombe, mbatya dzevakomana vemombe.

Ndakafunga, “Zvakanaka, kamudhebhe kangu hakana kushata zvino.”

¹⁷⁶ Akati, “Ndinoda kuti uuye zasi kuTexas wondiitira rumutsiriro.”

¹⁷⁷ “Uh-huh, regai ndizvinyore pasi, changamire.” Zvino ndakazvinyora pasi saizvozvo.

¹⁷⁸ Hepanoi mumwe muchinda ndokuuya akapfeka mimwe, yemidhebhe midiki yegorofu, kwavaitamba gorofu, munoziva, vaiva nemidhebhe midiki iya inopfinyirwa mukati memanjombo. Akati, “Ini ndini Eredha *Nhingi-nhingi* wekuMiami. Ndinoda kuti . . .”

¹⁷⁹ “Ini zvangu, zvichida zvekupfeka hazvina basa zvakanyanya.” Ndakazvitarisa, ndikafunga, “Zvakanaka.”

¹⁸⁰ Saka ndakatora zvinhu izvi, ndokuenda kumba. Mudzimai akasangana neni, akati, “Sei uri kufara kudaro, Billy?”

¹⁸¹ Ndikati, “Oo, ndakasangana nemhando yevanhu vakanakisisa. Ini zvangu, ndiyo yakanakisisa yawati wamboona. Vanhu ivavo havanyari nechinamoto chavo.” Uye, oo, ndakamuudza zvole pamusoro pazvo. Uye ini ndikati, “Uye hona pano, mudiwa, mudhadhadha wose wekokero. Vanhu ivavo!”

Akati, “Havasi vaumburuki vatsvene, ndivo here?”

¹⁸² Ndakati, “Handizive kuti ivo imhandoi yevaumburuki, asi vane chimwe chinhu chandaida.” Maona? Ndakati, “Izvo—ndicho chinhu chimwe chandine chokwadi nacho.” Ndakati, “Ndakaona mutana, ane makore 90 okuberekwa, achidzoka kuita wechidiki zvakare.” Ndakati, “Handisati ndambonzwa kuparidza kwakadaro muhupenyu hwangu. Nhai, handina kumboona muBaptisti achiparidza zvakadaro.” Ndikati, “Vanoparidza kusvika vopera mweya, vokatama nemabvi avo kusvika pasi chaipo, vodzoka, vomira kufeme. Unogona kuvanzwa vari kure mabhuroko 2, vachiri kuparidza.” Ini ndikati, “Ini—ini handina kumbonzwa zvakadaro muhupenyu hwangu.” Ini ndikati, “Vanotaura nendimi dzisingazivikanwi, uye mumwe wacho anotaura zvavari kutaura nezvazvo. Handisati ndambonzwa zvakadaro muhupenyu hwangu!” Ndakati, “Uchaenda neni here?”

183 Akati, “Mudiwa, pandakaroozana newe, ndicharamba ndinewe kusvikira rufu rwatiparadzana.” Akati, “Ndichaenda.” Akati, “Zvino, tichaudza vabereki.”

184 Ini ndikati, “Zvakanaka, iwe udza amai vako uye ini ndichaudza amai vangu.” Saka isu...Ndakaenda ndokuudza Amai.

185 Amai vakati, “Zvakanaka, chokwadi, Billy. Chero chipi chawakadanirwa naJehovha kuti uite, enda unochiita.”

186 Zvino saka Mai Brumbach vakandikumbira kuti ndiuye. Ndakaendako. Vakati, “Chii ichi chauri kutaura nezvacho?”

187 Ini ndikati, “Oo, Mai Brumbach,” ndakati, “imi mose hamusati mamboona vanhu vakadaro.”

Vakati, “Chimbodzikama! Chimbodzikama!”

Ndikati, “Hongu, amai.” Ndakati, “Ndine hurombo.”

Ivo ndokuti, “Unoziva here kuti iboka revaumburuki vatsvene?”

188 Ndakati, “Kwete, amai, ndanga ndisingazvize izvozvo.” Ndakati, “Ivo—ivo zvechokwadi vanhu vakanaka.”

189 Vakati, “Pfungwa yacho! Unofunga kuti ungazvuzvurudza mwanasikana wangu kuenda pakati pezvinhu zvakadaro!” Ndokuti, “Hazvina musoro! Hazvizi chinhu kunze kwemarara ayo mamwe machechi akarasira kunze.” Vakati, “Chokwadi! Hausi kuzoendeswa mwanasikana wangu saizvozvo.”

190 Ini ndikati, “Asi, munoziva, Mai Brumbach, pakadzika mumwoyo mangu ndinonzwa kuti Ishe vanoda kuti ndiende nevanhu ivavo.”

191 Vakati, “Iwe dzokera kucheche kwako kusvikira vave kukwanisa kukutengera imba yemufundisi, uye woita semunhurume ane pfungwa.” Vakati, “Hausi kuzatora mwanasikana wangu kunze ikoko.”

Ndikati, “Hongu, amai.” Ndakatendeuka ndokufamba ndichibuda panze.

192 Zvino Hope akatanga kuchema. Akabuda, akati, “Billy, zvisinei kuti Amai vanoti kudii, ndichagara newe.” Mwoyo wake ngauropafadzwe!

Ini ndikati, “Oo, zvakanaka, mudiwa.”

193 Zvino ndakangozvisiyawo zvakadaro. Vaisabvumira kuti mwanasikana wavo aende kuvanhu vakadaro nokuti “Hapana zvazvaive kunze kwekuva marara.” Uye saka ndakangozvisiyawo zvakadaro. Kwakanga kuri kukanganisa kwakaipisisa kwandati ndamboita muhupenyu hwangu, kumwe kwakaipisisa.

194 Kwapera kanguva, makore mashomanana akatevera, vana vakauya. Zvino rimwe zuva takanga...Kwakauya

mafashamo, muna 1937. Kwakauya mafashamo. Uye edu... Ndakanga ndichipatirora panguva iyoyo uye ndaiedza nepese pandaigona napo kubuditsa vanhu mumafashamo, dzimba dzichiwondomokera pasi. Zvino mudzimai wangu pachangu akatanga kurwara, zvino ainyatsorwara, zvikuru nemabayo. Zvino vakamubuditsa...Chipatara chemazuva ese chaive chakazara kwazvo zvekuti hatina kukwanisa kumuisa imomo, saka takabva tabuda naye kuenda kune chehu—hurumende kwavaiva nekamuri kunze ikoko. Zvino saka vakabva vandidaidza kuti ndidzoke. Zvino ndakagara ndiri pedyo nerwizi nguva dzose, uye ndiri mutyairi weigwa, saka ndaiedza kutora vanhu, kuvanunura kubva mumafashamo. Uye ndaibva nda...1...

¹⁹⁵ Vakandifonera, vakati, “Kune imba iri muMugwagwa waChestnut, yave kuda kuwondomoka. Kuna amai neboka revana imomo,” vakati, “kana uchifunga kuti igwa rako, muchini wako unogona kupinda kwavari.”

Ndakati, “Zvakanaka, ndichaita zvese zvandinogona.”

¹⁹⁶ Uye ini, ndichipfuura nemumasaisai iwayo. Dziro rinochengeta mvura rakanga ratsemuka kumusoro ikoko, uye, oo, ini zvangu, iyo...ichingokukura guta. Uye ndaiipa mafuta ose andaigona, uye pakupedzisira kudzika zasi nemutunzira nemudzinzvimbo. Zvino ndakasvikapo pedyo nepaiva nechidziro chinobata mvura, mvura ichiyerera napo. Zvino ndakanzwa mumwe munhu achidanidzira, uye ndikaona amai vakamira panze pavheranda. Zvino paiva nemasaisai makuru aipinda napo saizvozvo. Zvino, ndakakwidza *neuku* kure nepandaigona napo, ndokubata rukova ndokudzoka ndokuenda kune divi iroro. Ndakanga ndamisa igwa rangu panguva chaiyo yokuti ndirisungirire pambiru, yegwatidziro, yegwatidziro yemukova kana mbiru yepavheranda. Zvino ndakamhanyira mukati ndikanobata amai ndikavapinza imomo, nevana 2 kana 3. Zvino ndakasunungura igwa rangu ndikavaita kuti va...kumashure. Ndikabuda nenzira iri zasi-zasi, ndokuvaisa kumahombekombe, ingangoita maira nehafu kune rimwe divi reguta, kusvikira ndavasvitsa kumahombekombe. Zvino ipapo pandakasvika ikoko, vakanga vafenda. Zvino vakanga vatanga...vakanga vachizhambatata kuti, “Mwana wangu! Mwana wangu!”

¹⁹⁷ Zvino, ndakafunga kuti vaireva kuti vakanga vasiya mwana mumba. Oo, ini zvangu! Ndakadzokera zvakare pavakanga vachiedza kuvabatsira. Zvino, ndakazoono kuti, aive...kana kuti vaida kuziva kuti mwana wavo aivepo here. Paiva nekamuchinda kane makore angaita 3 okuberekwa, zvino ndakafunga kuti vaireva kamwana kacheche kanoyamwa kana zvimwewo.

¹⁹⁸ Uye saka ndakadzokera ndikasvikako. Zvino pandakatora

igwa iroro ndokupinda mukati uye ndikashaya mwana, zvino vharanda rakaputsika uye imba ikawondomoka. Ndakamhanya nekukasika chaiko ndokubata chi—chidimbu chaivapo chaiyangerarisa igwa rangu, ndikapinda muigwa, ndokuridhonzha ndokurisunungura.

¹⁹⁹ Uye zvakandiisa mukuyerera kwemvura yemurwizi rukuru ipapo. Zvino dzakanga dzava kuma 11:30 husiku, kuchingodonha chando nemazaya echando. Zvino ndakabata tambo yekumutsisa uye ndikaedza kudhonzha igwa, zvino rakaramba kumuka, uye ndakaedza zvino rikaramba kumuka, uye ndikaedza zvakare. Ndichiwedzera kunopinda mukufamba kwerwizi, mapopoma ari zasi kwangu chaiko. Zvino ndaiedza nesimba rose chairu, uye ndakafunga, “Oo, ini zvangu, heano—heano magumo angu! Ndiwo aya!” Uye ndaiedza nesimba chaizvo. Ini ndikati, “Ishe, ndapota musandirega ndichifa rufu rwakadai,” zvino ndaidhonzha ndichidhonzha.

²⁰⁰ Zvino zvakadzoka kwandiri kuti, “Ko boka riya remarara rausina kuenda kwariri?” Maona? Uh-huh.

²⁰¹ Ndakadzoserwa ruoko rwangu paigwa, ndikati, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Musandirega ndichisiya mudzimai wangu nemwana sezvizvi, uye ivo vari kunze uko vachirwara! Ndapota!” Zvino ndakangoramba ndichidhonzha saizvozvo, zvino raisamuka. Zvino ndainzwa kutinhira zasi uko, nokuti ini... Mumaminiti mashoma, uye, oo, ini zvangu, zvaibva zvangopera. Ini ndikati, “Ishe, kana Mukandiregerera, ndinoKuvimbisai kuti ndichaita chero chinhu.” Ndikapfugama muigwa imomo, nechando chichindirova kumeso. Ndakati, “Ndichaita chero chinhu chaMunoda kuti ndiite.” Zvino ndakadhonzha zvakare, ndokubva ramuka. Ini ndokuivhurisa mafuta ose pairi andaigona, zvino pakupedzisira ndakazosvika kumahombekombe.

²⁰² Zvino ndakadzokera kunotsvaga rori, rori rekupatirora. Zvino ndakafunga nezve... Paiva nevamwe vavo vakati, “Nhai, chipatara chehurumende chichangobva kukukurwa.” Mudzimai wangu nemwana vari imomo, vacheche vari 2.

²⁰³ Zvino ndakaenda kuchipatara chehurumende nekukasika kwandaigona nako, zvino mvura yakanga yakadzika mafiti angaita 15 mose mairi. Zvino pakanga paina meja ipapo, uye ndikati, “Meja, chii chakaitika kuchipatara?”

Akati, “Zvino, usanetseka. Une mumwe munhu ari mukati imomo here?”

Ndakati, “Hongu, mudzimai ari ku—kurwara nevana 2.”

²⁰⁴ Akati, “Vakabuda vese.” Akati, “Vari muchitima chinotakura zvinhu uye vakananga kuCharlestown.”

²⁰⁵ Ndakamhanya, ndikapinda muigwa rangu uye...kana kuti ndakapinda mumotokari yangu, uye igwa rangu riri

kumashure kwayo, ndokumhanyirako kune...Zvino hova dzakanga dzaserera mamaera 2 nehafu kana 3 pahupamhi. Zvino husiku hwese ndakaedza ku...Vamwe vavo vakati, “Chitima, chitima chinotakura zvinhu, chakukurwa munzira kunze uko pazambuko.”

²⁰⁶ Zvino, ndokuzviwana ndavharirwa pachitsuwa chidiki, ndikagarapo mazuva 3. Ndakanga ndine nguva yakawanda yekufunga kuti Vaiva marara here kana kuti kwete. Ndichingozvidya kuti, “Mudzimai wangu aripi?”

²⁰⁷ Pakupedzisira pandakamuwana, mumazuva mashoma ndabuda ndokuyambuka, akanga ari kumusoro-soro uko kuColumbus, Indiana, muOdhitariyamu yeBaptisti mavakanga vaita chakaita sechi—chipatara, makamuri evarwere vari panhowo diki dzhurumende. Zvino ndakamhanyira kwaari nesimba rangu rese, ndichiedza kutsvaga paakanga ari, ndichidanidzira kuti, “Hope! Hope! Hope!” Zvino ndakatarisa, zvino hapo paaive akarara panhowo, uye TB yakanga yapinda.

Akasimudza ruoko rwake rudiki rwaingova mapfupa, iye ndokuti, “Billy.”

Ndakabva ndamhanyira kwaari, ini ndikati, “Hope, mudiwa.”

Akati, “Ndiri kutaridzika zvakaizoshata, handisi here?”

Ndikati, “Kwete, mudiwa, unoratidzika zviri raiti.”

²⁰⁸ Kweinenge mwedzi 6 takashanda nezvose zvaive matiri, kuedza kuti tiponese hupenyu hwake, asi akaramba achingodzika nekudzika.

²⁰⁹ Rimwe zuva ndaive ndiri kupatirora zvino ndakabatidza redhiyo yangu, zvino ndakafunga kuti ndakavanzwa vachiti, fona paredhio, ikati, “Nokuti William Branham, anodiwa kuchipatara izvozvi, mudzimai ari kufa.” Ndakamhanya kudzokera kuchipatara nekukurumidza kwandaigona, ndikabatidza chiedza chitsvuku nesairini, ndokuenda. Zvino ndokubva nda—ndasvikako kuchipatara ndokumira, ndikamhanyiramo. Ndichiyu ndichidzika nemuchi—chipatara, ndakaona shamwari yangu diki yandairaura nayo, taimhanya pamwe chete sevakomana, Sam Adair.

²¹⁰ Chiremba Sam Adair, ndivo vaive nechiratidzo chakauya nguva shoma yapfuura ndokuvaudza nezvekiriniki. Zvino vakati, kana paine angapokana chiratidzo, ingomufonerai kuti atore, achida kuziva kuti chaive chokwadi here kana kuti kwete.

²¹¹ Zvino saka hepanoi vachibuda saizvozvo, zvino vaiva nengowani yavo muruoko rwavo. Vakandatarisa vachibva vangotanga kuchema. Ndakamhanyira kwavari, ndikavambundira. Vakandimbundira, vakati, “Billy, ave kuenda.” Vakati, “Ndine hurombo. Ndakaita zvese zvandaigona kuita, ndakave navanamazvikokota nezvese.”

Ndakati, “Sam, zvechokwadi haasi kuenda!”

Akati, “Hongu, ari kuenda.” Uye akati, “Usapinde imomo, Bill.”

Ini ndikati, “Ndinofanira kupindamo, Sam.”

Uye akati, “Usazviita. Usadaro, ndapota usadaro.”

Ndikati, “Rega ndipinde.”

Akati, “Ndichaenda newe.”

212 Ndikati, “Kwete, iwe gara kunze kuno. Ndinoda kugara naye mumaminitsi ake ekupedzisira.”

Akati, “Afenda.”

213 Ndakapinda mukamuri macho. Zvino mukoti akanga akagara ipapo, uye akanga achichema nokuti iye naHope vakanga vakadzidza vese kuchikoro. Uye saka ndakamutarisa, zvino ndokutanga kuchema, akasimudza ruoko rwake. Ndokutanga kufamba achienda.

214 Zvino ndakatarisa ipapo, ndokumuzunguza. Hapo paaive, akanga adzikira kubva pamapaundi angaita 120, kusvika angaita 60. Zvino nda—ndakamuzunguza. Uye kana ndikararama kusvika makore 100 okuberekwa, handifi ndakakanganwa zvakaitika. Akacheuka, zvino maziso makuru akanaka aya akanditarisa. Akanyemwerera. Akati, “Sei wandidana kuti ndidzoke, Billy?”

Ndikati, “Mudiwa, ndangogamuchira shoko panhepfenyuro.”

215 Ndaitongofanira kuti ndishande. Tanga tave muchikwereti chemazana emadhura echikwereti chachiremba, uye pasina chekuchibhadhara nacho. Zvino ndaitongofanira kushanda. Zvino ndaimuona ka 2 kana ka 3 pazuva, nehuisiku hwega-hwega, uye ipapo paakangana ari muchinhano ichocho.

Ndakati, “Unorevei kuti, ‘Kukudana’ iwe ‘udzoke?’”

216 Akati, “Bill, wakaparidza pamusoro paZvo, wakataura pamusoro paZvo, asi hautomboziva kuti Chii.”

Ndikati, “Uri kutaura nezvei?”

217 Akati, “Kudenga.” Akati, “Tarisa,” akati, “ndanga ndichiperekedzwa Kumusha nevamwe vanhu, varume kana vakadzi kana vamwewo. Vanga vakapfeka nguwo chena.” Iye ndokuti, “Ndanga ndakagadzikana uye ndiine rugare.” Akati, “Shiri huru dzakanaka dzichibururuka kubva pamuti kuenda kune mumwe muti.” Akati, “Usafunga kuti ndarasika njere.” Akati, “Billy, ndiri kuzokuudza kukanganisa kwedu.” Akati, “Gara pasi.” handina; ndakapfugama, ndikabata ruoko rwake. Akati, “Unoziva pane kukanganisa kwedu?”

Ini ndikati, “Hongu, mudiwa, ndinoziva.”

218 Akati, “Taifanira kunge tisina kumboteerera kuna Amai. Vanhu vaya vakanga vari raiti.”

Ini ndikati, “Ndinozviziva.”

219 Akati, “Ndivimbise izvi, kuti uchaenda kuvanhu ivavo,” akati, “nokuti ivo vatori raiti.” Iye ndokuti, “Kudza vana vangu saizvozvo.” Uye ini. . . Akati, “Ndinoda kukuudza chimwe chinhu.” Akati, “Ndiri kufa, asi” akati “ndizvo. . . Handisi—handisi kutya kuenda.” Akati, “Kwa—kwakanaka.” Akati, “Chinhu choga hacho, ndinovenga kukusiya, Bill. Uye ndinoziva kuti une vana vaduku 2 ava vokurera.” Akati, “Ndivimbise kuti—kuti hauzogara usina kuroora uye worega vana vangu vachikwekweredzwa kwese—kwese.” Ichochochi chaive chinhu chine musoro kuna amai vane makore 21.

Ini ndikati, “Handikwanise kuvimbisa izvozvo, Hope.”

220 Akati, “Ndapota ndivimbise.” Akati, “Chinhu chimwe chandinoda kukuudza.” Akati, “Uchiri kurangarira pfuti iya?” Ndinongoda pfuti zvakanyanyisa. Iye ndokuti, “Waida kutenga pfuti iya zuva riye uye wanga usina mari yakakwana yekubhadhara mari yekufanobatira.”

Ndikati, “Hongu.”

221 Akati, “Ndanga ndichichengeta mari yangu, ma 5 senzi angu, kuti ndiedze kukubhadharira mari yekufanobatira iyoyo yepfuti iyoyo.” Akati, “Zvino, kana izvi zvapera uye wozokera kumba, tarisa kumusoro kune mubhedha. . . kana mubhedha unopetwa, pasi pebepa iroro riri pamusoro, uye uchawana mari ipapo.” Akati, “Ndivimbise kuti uchatenga pfuti iyoyo.”

222 Hamuzivi kuti ndakanzwa sei pandakaona dhora ne 75 senzi iyoyo (iri ma 5 senzi) iri ipapo. Ndakatenga pfuti yacho.

223 Iye ndokuti, “Unorangarira here nguva iya yawaienda kudhorobha kunonditengera masitokononzi, uye taienda kuFort Wayne?”

Ndikati, “Hongu.”

224 Ndakanga ndauya ndichibva kunoraura, iye ndokuti. . . Taifanira kuenda kuFort Wayne, ndaifanira kunoparidza manheru iwayo. Iye ndokuti, “Unoziva, ndakakuudza kuti, ‘Kune mhando 2 dzakasiyana.’” Mamwe acho anonzi “chiffon.” Uye mamwe acho anonzi chii, rayon? Ndizvo here? Rayon nechiffon. Zvinoka, chero zvaave, chiffon yaive yakanakisisa yacho. Ndizvo here? Iye ndokuti, “Zvino, iwe nditengere chiffon, full style racho.” Munoziva here chinhu chiya chine chinhu chidiki chiya kumashure kwesitokononzi, kumusoro? Uye hapana chandaiziva nezvematya dzemadzimai, saka ini. . .

225 Zvino ndaidzika nemugwagwa ndichiti, “Chiffon, chiffon, chiffon, chiffon,” ndichiyedza kuramba ndichifunga nezve, “chiffon, chiffon, chiffon.”

Mumwe munhu akati, “Mhoro, Billy!”

226 Ndaiti, “Oo, mhoro, mhoro.” “Chiffon, chiffon, chiffon, chiffon, chiffon.”

227 Zvino ndakasvika pakona ndikasangana naVaSpon. Vakati, “Nhai, Billy, unoziva here kuti hove dzeperech dziri kudyira zvino padivi pepaya pokupedzisira panosvikira zvikepe?”

Ndikati, “Zvechokwadi chaizvo, ndizvo here?”

“Ehe.”

Ndakafunga zvino, kuti pandakavasiya, “Chinhu chiya changa chiri chii?” Ndachikanganwa.

228 Saka Thelma Ford, musikana wandaiziva, aishanda muchitoro chemukambo. Uye ndaiziva kuti vanotengesa masitokononzi echikadzi ikoko, saka ndakaendako. Ndikati, “Mhoro, Thelma.”

Iye ndokuti, “Mhoro, Billy. Wakadii? Hope akadii?”

229 Ini ndikati, “Tiripo zvedu.” Ndikati, “Thelma, ndinoda masokisi aHope.”

Akati, “Hope haadi masokisi.”

Ndikati, “Hongu, amai, chokwadi anoada.”

Akati, “Unoreva masitokononzi.”

230 “Oo, chokwadi,” ndikati, “ndiwo acho chaiwo.” Ndakafunga, “Uh-oo, ndatoratidza kusaziva kwangu.”

Iye ndokuti, “Anoda erudzii?”

Ndikafunga kuti, “Uh-oo!” Ndakati, “Une erudzi hwai?”

Akati, “Zvino, tine rayon.”

231 Ndaisaziva musiyano. Rayon, chiffon, ese anonzwa kunge zvimwe chete. Ndikati, “Ndiwo andinoda.” Akati...Ndikati, “Ndirongedzerewo peya yawo, full style racho.” Uye iye... Ndazvivingidza. Anonzi chii? Full fashion. “Full fashion.” Zvino saka ndakati, “Ndirongedzere peya yawo.”

232 Zvino paakandipa, aingova 30 senzi, 20 senzi kana 30 senzi, kunge hafu yemutengo. Zvino, ndakati, “Ndipe mapeya 2 awo.” Maona?

233 Zvino ndakadzokera kumba, uye ndikati, “Unoziva, mudiwa, imi madzimai munotenga muchitenderera dhorobha rese kuti muwane zvakachipa.” Unoziva madiro anoita kuganza. Uye ndikati, “Asi pano, tarira, ndatenga mapeya 2 nemutengo waunotenga nawo peya 1. Waona?” Ndakati, “Oo, ndiko—ndiko kugona kwangu.” Munoono, ndakati—ndakati, “Unoziva, Thelma anditengesera aya.” Ndikati, “Anogona kunge anditendera kuti ndiawane nehafu yemutengo.”

Akati, “Wawana chiffon here?”

²³⁴ Ndikati, “Hongu, amai.” Zvese zvaindiitira sezvakafanana, handina kuziva kuti panga paine musiyano.

²³⁵ Uye akandiudza, akati, “Billy.” Ndakafunga zvinoshamisa paakasvika kuFort Wayne, akatozotenga mamwe masitokononzi. Akati, “Ndakaapa kuna amai vako,” akati, “ndeevakadzi vakura.” Akati, “Ndine urombo kuti ndakaita izvozvo.”

Ini ndikati, “Oo, zvakana, mudiwa.”

²³⁶ Iye ndokuti, “Zvino, usa—usagare usina kuroora.” Iye ndokuti. . . Haana kuziva izvo zvakanga zvichida kuitika mumaawa mashoma kubva ipapo. Zvino ndakamubata maoko ake anodikanwa apo Ngirozi dzaMwari dzaimutakura kuenda naye.

²³⁷ Ndakaenda kumba. Handina kuziva zvekuita. Ndakarara pasi ipapo husiku ndikanzwa. . . Ndinofunga kaive kagonzo kadiki, kaive muchisimbi chepachitofu chekare mataive taisa mapepa mukati imomo. Zvino ndakavhara gonhi netsoka yangu, zvino hapo pakaturikwa kimono yake kuseri, (uye akarara zasi ikoko mumochari). Zvino muchinguva chidiki mumwe munhu akandifonera, akati, “Billy!” Zvino vakanga vari Hama Frank Broy. Vakati, “Mwana wako ari kufa.”

Ndikati, “Mwana wangu?”

²³⁸ Vakati, “Hongu, Sharon Rose.” Vakati, “Chiremba ariko ikoko zvino, ndokuti, ‘Ane tubercular meningitis, akaiyamwira pana amai vake.’” Zvino vakati, “Ari kufa.”

²³⁹ Ndakapinda mumota, ndokukwidzako. Zvino hapo paaive, kanhu kadiki kanotapira. Zvino vakabva vamumhanyisa kuchipatara.

²⁴⁰ Ndakabuda kunomuona. Sam akauya ndokuti, “Billy, usapinde mukamuri imomo, unofanira kufunga nezvaBilly Paul.” Akati, “Ari kufa.”

Ndakati, “Doc, ndi—ndinofanira kuona mwana wangu.”

²⁴¹ Akati, “Kwete, haugone kupinda.” Akati, “Ane meningitis, Billy, zvino unoitakura kuna Billy Paul.”

²⁴² Zvino ndakamirira kusvika abuda. Handina kukwanisa kuti ndigamuchire kumuona achifa, uye amai vake vakarara ikoko munzvimbo yevanoviga vanhu. Ndinokuudzai kuti, nzira yomutadzi yakaoma. Zvino nda—ndakaenda, ndikaverevedza nepamuswiwo, zvino Sam paakabuda uye namukoti abuda, ndakadzika zasi mukamuri yepasi. Chipatara chidiki-diki. Akanga ari munzvimbo yake ega, zvino nhunzi dzakanga dziri mumaziso ake maduku. Zvino vakanga vaine kadiki. . . zvatinoti “chidzviso cheumhutu,” kana chineti chiduku pameso ake. Uye ai. . . achigwinha, gumbo rake diki rakafuta raipfanha-pfanha saizvozvo, nemaoko ake maduku, nokugwina ikoko. Zvino ndakamutarisa, zvino akanga akura zvokukwanisa kuve akanaka, mwedzi ingaita 8.

243 Zvino amai vake vaigaromugadzika kunze ikoko akapfeka heti ine makona matatu, munoziva, pachivanze, pandaisvika. Zvino ndairidza huta, uye iye aibva ati, “goo-goo, goo-goo,” akatambanudza maoko kwandiri, munoziva.

244 Zvino hapo painge parere mudiwa wangu, ave kufa. Ndakatarisa pasi kwaari, uye ndikati, “Sharry, unoziva Baba here? Unoziva baba here, Sharry?” Zvino paakatarisa... Aitambudzika zvikuru kusvikira rimwe remaziso anoyevedza ebhuruu iwayo rakapesana. Zvakada kutsemura moyo wangu kubva mandiri.

245 Ndakapfugama, ndikati, “Ishe, ndakaiteiko? Handina kuparidza Evhangeri pamakona enzira here? Ndakaita zvese zvandaiziva kuita. Musandiwanirawo mhosva. Handina kumbodaidza vanhu ivavo kuti ‘marara.’ Ndivo vakati vanhu ivavo ‘marara.’” Ndakati, “Ndine urombo kuti zvese zvakaiteka. Ndiregerereiwo. Musa—musatore mwana wangu.” Zvino pandakanga ndichinamata, zvakaite sokunge dema... seshiti kana jira rakadzika. Ndakaziva kuti Vakanga vandirambira.

246 Zvino, ndipo pakave nenguva yakaoma zvikurusa uye ine njodzi hurusa muhupenyu hwangu. Pandakasimuka ndikamutarisa, uye ndikafunga... Satani akaisa mupfungwa dzangu, “Asika, unoreva kuti nekuparidza kwakaomarara kwawakaita, uye nemararamiro awakaita, uye zvino kana zvasvika pamwana wako chaiye, Anokurambira?”

247 Zvino ndikati, “Ndizvozvo. Kana Asingakwanisi kuponesa mwana wangu, saka ini handigoni...” Ndakamira. Nda—ndaisatongoziva zvekuita. Ndokubva ndataura izvi, ndakati, “Ishe, Makamupa kwandiri uye Mamutora, Zita raJehovha ngarirumbidzwe! Kana Mukanditora kunyangwe ini wacho, ndicharamba ndichiKudai.”

248 Zvino ndakaisa ruoko rwangu pamusoro pake, ndikati, “Ropafadzwa, mudiwa. Baba vaida kukurera, nemoyo wangu wose ndaida kukurera, uye kukurera kuti ude Ishe. Asi Ngirozi dziri kuuyira iwe, mudiwa. Baba vachatora mutumbi wako mudiki vonouradzika pamawoko aAmai. Ndichakuviga pamwe navo. Nerimwe zuva Baba vachasangana newe, iwe chingonomirira kumusoro ikoko naAmai.”

249 Amai vake pavakanga vava kufa, vakati, mashoko ekupedzisira avakataura, vakati, “Bill, ramba uri mumunda wekuvhangeri.”

250 Ndakati, “Ndicha...” Akati... Ndakati, “Kana ndiri mumunda wekuvhangeri paAnouya, ndichatora vana tosangana. Kana ndisiri, ndichavigwa pedyo newe. Uye iwe woenda kurutivi rwekurudyi rwesuwu guru, zvino kana woona vose vachipinda, mira ipapo utange kudandizira kuti, ‘Bill! Bill! Bill!’ nenzwi gurusa raungagana. Ndichasangana newe ipapo.” Ndakamutsvoda zvokuonekana. Ndiri muhondo yevhangeri

nhasi. Ave makore potse 20 akapfuura. Ndakaronga zuva redu nemudzimai wangu, ndichasangana naye.

²⁵¹ Zvino ndakatora mwana mudiki, paakafa, ndokumuisa mumaoko aamai vake, ndokubva tamuendesa kumakuva. Zvino ndakamira ipapo kuti ndinzwe Hama Smith, muparidzi weMethodisti akaparidza pamariro acho, “Madota kumadota, guruva kuguruva.” (Uye ndakafunga, “Mwoyo kumoyo.”) Hoyo achienda.

²⁵² Pasina nguva refu mushure maizvozvo, ndakatora Billy mudiki kuendako mamwe mangwanani. Aingova kamunhu kadiki-diki. Akanga ari. . .

²⁵³ Ndicho chikonzero achigara akati kwati-kwati neni uye ndichiramba ndakati kwati-kwati naye, ndakatozova zvose Baba naAmai (vose) kwaari. Ndaitora bhodhoro rake diki. Taisakwanisa kuve nemoto husiku kuti mukaka wake udziye, zvino ndairiisa pasi pemusana wangu sezvizvi ndouchengeta uchidziya nokupisa kwomuviri wangu.

²⁵⁴ Takaramba takati kwati-kwati seshamwari, uye rimwe remazuva ano pandinobva mumunda wekuvhangerana ndinoda kumutambidza Shoko, ndoti, “Pfuurira mberi, Billy. Iwe gara naRo.” Vamwe vanhu vanoshaya kuti sei ndiinaye nguva dzese. Handikwanise kumusiya. Akatoroora, asi ndichiri kurangarira kuti akandiudza kuti, “Gara naye.” Zvino takati kwati-kwati seshamwari.

²⁵⁵ Ndinorangarira ndichifamba-famba mudhorobha, bhodhoro riri muhapwa mangu, aisvika pakuchema. Humwe husiku akanga ari. . . taiva tichifamba hedu muchivanze chekuseri uko. . . (Apo mudzimai aive osvika pakumusununguka, aitadza kunyatsofema, uye ini. . . angori musikana, munoziva.) Zvino ndaifamba ndichienda nekudzoka kubva pamuti wemuoki wakare kuchivanze chekuseri. Zvino akanga achichemera Amai vake, zvino ndakanga ndisina Amai vokumuendesa kwavari. Zvino ndaimutakura, ndaiti, “Oo, mudiwa.” Ndakati. . .

²⁵⁶ Akati, “Baba, amai vangu varipi? Makavaisa muvhu iro here?”

Ndikati, “Kwete, mudiwa. Vari raiti, vari kumusoro Kudenga.”

²⁵⁷ Zvino akataura chimwe chinhu ipapo, chakada kundiuraya, mamwe masikati. Akanga achichema, nguva dzaive dzafamba usiku, zvino ndakanga ndamutakura kumusana kwangu *saisvozvi*, ndakamutakura pabendekeke rangi uye ndichimubhabhadzira *sekudai*. Zvino akati, “Baba, ndapota endai munotoro amai muuye navo kuno.”

Zvino ini ndikati, “Mudiwa, handikwanise kutora Amai. Jesu. . .”

Akati, “Saka, udzai Jesu kuti anditumire amai vangu. Ndinovada.”

258 Ini ndikati, “Zvino, mudiwa, ini. . .ini newe tiri kuzovaona imwe nguva.”

Zvino akamira, akati, “Baba!”

Ini ndikati, “Hee?”

Akati, “Ndaona Amai kumusoro uko pagore iro.”

259 Ini zvangu, zvakada kundiuraya! Ndakafunga, “Ini zvangu! ‘Ndaona Amai kumusoro uko pagore iro.’” Ndakapotsa ndangoita sendichafenda. Ndakambundira kamuchinda kadiki pachipfuva pangu *sevizvi*, ndokungotsikitsira musoro wangu, ndokupinda mukati.

260 Mazuva akapfuura. Handina kukwanisa kuzvikanganwa. Ndakaedza kushanda. Ndaisakwanisa kudzokera kumba, kwakanga kuisiri kumba zvachose. Uye ndaida kugara. Isu takanga tisina chinhu kunze kwemidziyo yemumba yekare iyoyo yakabvaruka, asi chakanga chiri chimwe chinhu icho iye neni taifarira pamwe chete. Waiva musha.

261 Uye ndinoyeuka rimwe zuva ndakanga ndichiedza kushanda mupublic service. Ndakanga ndakwidza kunogadzirisira tambo yekare inounza magetsi, yakaremba, kwaiva kuseniseni-seni mangwanani. Zvino ndakakwira pamuchinjikwa uyu. (Zvino handaikwanisa kusiya mucheche iyeye. Ndaigona kuona mudzimai wangu achienda, asi mwana iyeye achienda, angori kanhu kadiki-diki.) Zvino ndakanga ndiri ipapo, uye ndaiimba, “Pachikomo chiri kure, pakamira Muchinjikwa wekare wakakwasharara.” Zvino tambo dzacho dzinounza magetsi anopinda mutransformer obuda ave (munoziva) kumwe kwacho. Uye ndakanga ndakaremba kumusoro ikoko pairi. Zvino ndakaita sekutarira, zvino zuva raibuda shure kwangu. Uye ipapo, maoko angu akatambanuka uye chiratidzo cheMuchinjikwa iwoyo pa—padiwi rechikomo. Ndakafunga, “Hongu, zvaive zvivi zvangu zvakaMuisa ipapo.”

262 Ndakati, “Sharon, mudiwa, Baba vanoda kukuona zvakaipa, mudiwa. Ndingada kukubata sei mumaoko angu zvakare, iwe chinhu chidiki chinodikanwa.” Ndakanga ndopenga. Ainge ave mavhiki akati kuti. Ndakabvisa girovhosi rangu rerabha. Pane 2,300 volts achimhanya napadiwi pangu chaipo. Ndakabvisa girovhosi rangu rerabha. Ndikati, “Mwari, ndinovenga kuita izvi. Ndiri mbwende.” “Asi, Sharry, Baba vari kuzokuona iwe naAmi mumaminetsi mashoma.” Ndakatanga kubvisa girovhosi rangu, kuisa ruoko rwangu pamavolts 2,300. Aizopwanya. . .Handiti, waisatozombove neropa rinosara mauri. Uye saka nda—nda—ndakatanga kubvisa girovhosi riya, zvino chimwe chinhu chikaitika. Pandakabengenuka, ndakanga ndakagara pasi ndakasimudza maoko angu *seizvi*, kumeso kwangu, ndichichema. Dzakanga dziri nyasha dzaMwari, kana

kuti ndingadai ndisiri kuita shumiro yekunamatira vanorwara pano, ndine chokwadi nazvo. Vakanga vari iVo vaichengetedza chipo chaVo, kwete ini.

²⁶³ Ndakatanga kuenda kumba. Ndakarega, ndokurongedza midziyo yangu. Ndokudzokera, ndikati, “Ndave kuenda kumba.”

²⁶⁴ Ndakasvika pamba, ndokunhonga tsamba dzaive mumba umu, kwaiita sekunotonhora, zvino ndakapinda. Taiva nekakamuri kadiki 1, ndakanga ndichirara pakanhowo kadiki ipapo, uye chando chichikwira, nechitofu chakare chiya. Ndakatora tsamba uye ndikatarisa mutsamba, zvino chinhu chekutanga ipapo yaive mari yake yeKisimusi yakachengetwa, 80 senzi, “Muzvare Sharon Rose Branham.” Hapo pazvaive, zvichidzokorora zvakare.

²⁶⁵ Ndainge ndiri muchengeti wemhuka. Ndakatambanudzira ruoko imomo ndokutora pfuti yangu, vhorovhoro, kubva mainogara. Ndikati, “Ishe, ini—ini handichazvikwanisa izvi zvachose, ndave—ndave kufa. Ndiri—ndiri kutambudzwa zvikuru.” Ndakakoka papfuti, ndikaiisa mumusoro mangu, ndakapfugama panhowo iya mukamuri iyoyo yaiva nerima. Ndakati, “Baba vedu Vari Kudenga, Zita reNyū ngarikudzwe. Humambo hweNyū ngahuuye, kuda kweNyū ngakuitwe,” zvino pandaiedza, zvino ndakadzvanya chipfuriso ichocho nesimba randaikwanisa naro, ndikati, “panyika sezvaviri Kudenga. Tipeiwo nhasi kudya kwedu kwamazuva namazuva.” Zvino yakaramba kupfura!

²⁶⁶ Uye ndakafunga, “O Mwari, muri here kungondibvarura kuita zvidimbu? Ndakaitei? Hamusi kutombondirega kuti ndife.” Zvino ndakakandira pfuti pasi, ikabva yaregedzera bara ndokupfura nemukamuri umu. Ndikati, “Mwari, seiko ndisiri kukwanisa kufa ndigobuda mazviri? Ini handichakwanisa kuenderera mberi. Munotofanira kuita chimwe chinhu kwandiri.” Ndakawira pasi ndikatanga kuchema ndiri pamubhedha wangu mudiki, wekare waiva netsvina ipapo.

²⁶⁷ Zvino ndinofanira kunge ndakabatwa nehope. Handizivi kuti ndaiva ndakakotsira here kana kuti chii chakaitika.

²⁶⁸ Ndakagara ndichishuvira kuva kunze kuMadokero. Ndakagara ndichida imwe yengowani dzacho. Baba vangu vaipingudza mabhiza mumazuva avo ehudiki, uye ndaigara ndichida imwe yengowani idzodzo. Zvino Hama Demos Shakarian vakanditengera imwe nezuro, yekutanga kuva nayo (yandakambova nayo) yakadaro, imwe yengowani idzodzo dzekumadokero.

²⁶⁹ Zvino ndakafunga kuti ndaidzika nemumakura, ndichiimba rwiyo rwuya, “Pane vhiri pangoro ratyoka, chikwangwani papurazi chekuti, ‘Riri kutengeswa.’” Zvino pandakanga ndichifamba hangu, ndakacherechedza ngoro yakare

yakavharwa, sengoro yekutakura vanhu yakare yakavharwa, uye vhiri racho rakanga rakatyoka. Chokwadi, zvaimiririra mhuri yangu yakange yaputsika. Zvino pandakaswederwa pedyo, ndakatarisa, zvino hapo pakamira musikana akanaka cha—chaizvo, wechidiki, angangoita makore 20 okuberekwa, bvudzi jena raiyerera nemaziso ebhuruu, akapfeka zvichena. Ndakamutarisa, ndikati, “Ko makadii?” Ndikapfuurira mberi.

Akati, “Mhoroi, Baba.”

²⁷⁰ Zvino ndakabva ndacheuka kumashure, ndikati, “Baba?” “Nhai,” ndakati, “chirudzii, Mukunda, unogona here... ndingava baba vako here iwe wakakura seni?”

²⁷¹ Akati, “Baba, hamutongozivi kwamuri.”

Ini ndikati, “Unorevei?”

²⁷² Akati, “Kuno Kudenga.” Akati, “Panyika ndakanga ndiri Sharon wenyu mudiki.”

“Nhai,” ndakati, “mudiwa, waingova mucheche.”

²⁷³ Akati, “Baba, vacheche havasi vacheche kuno, havafe. Havachemberi kana kukura.”

²⁷⁴ Ini ndikati, “Saka, Sharon, mudiwa, iwe—iwe uri mudzimai akanaka, wechidiki.”

Akati, “Amai vakakumirirai.”

Zvino ini ndikati, “Kupi?”

Akati, “Kumusoro kumusha wenyu mutsva.”

²⁷⁵ Ini ndikati, “Musha mutsva?” VanaBranham marombe, havana mishu, vanongo... Zvino ini ndikati, “Zvino, handina kumbova nemusha, mudiwa.”

²⁷⁶ Akati, “Asi mune mumwe kumusoro kuno, Baba.” Handireveru kuita semucheche, asi zvinongori mazvirokwazvo chaiwo kwandiri. [Hama Branham vanochemba—Mupepeti] Pandinotanga kufunga nezvazvo, zvese zvinodzoka zvakare. Akati, “Mune mumwe kuno, Baba.” Ndinoziva kuti ndine mumwe mhiriko, rimwe zuva ndichaenda kwauri. Akati, “Billy Paul aripi, hanzvadzi yangu?”

²⁷⁷ Ini ndikati, “Manje, ndamusiya kwaMai Broy, maminetsi mashoma apfuura.”

Akati, “Amai vanoda kukuonai.”

²⁷⁸ Zvino ndakacheuka ndikatarira, uye pakanga paine mazimba makuru, uye neKubwinya kwaMwari kuchiyuwa kwakaapoterredza. Zvino ndakanzwa kwaya yeNgirozi ichiimba, “Musha wangu, Musha unotapira.” Ndakatanga kukwidza nemasitepisi marefu, ndichimhanya nesimba rangu rose randaigona naro. Zvino pandakasvika pamusuwo, hapo paaive akamira, akapfeka hanzu chena, bvudzi dema riya, refu, rakadzika nemusana wake. Akasimudza maoko ake, sezvaaisiita

pandaizoka kumba ndaneta nebasa kana zvimwewo. Ndakamubata maoko, uye ndikati, “Mudiwa, ndaona Sharon zasi uko.” Ndakati, “Ave musikana akanaka chaizvo, haana here?”

²⁷⁹ Akati, “Hongu, Bill.” Akati, “Bill.” Akandimbundira, (iye ndokuti) pamapendekete angu, akatanga kundibhabhadzira, akati, “Rega kunetsekera ini naSharon.”

Ndakati, “Mudiwa, handina zvandingakwanisa kuita.”

²⁸⁰ Akati, “Zvino ini naSharon tava nani pane zvauri.” Uye akati, “Usanetseka pamusoro pedu zvakare. Unondivimbisa here?”

²⁸¹ Ini ndikati, “Hope,” ndakati, “ndave ndakasurukirirwa iwe naSharon, uye Billy anogara nguva dzose achikuchemera.” Ndakati, “Handizive zvekuita naye.”

²⁸² Iye ndokuti, “Zvichanaka, Bill.” Akati, “Ingondivimbisa kuti hauchazonetseki zvachose.” Iye ndokuti, “Ungagare pasi?” Zvino ndakatarisa-tarisa zvino paive nechigaro chikuru kwazvo.

²⁸³ Uye ndinorangarira kuti ndakamboedza kutenga chigaro. Zvino, mukuvhara. Ndakamboedza kutenga chigaro pane imwe nguva. Taingova nezvigaro zviya zvekare—zvekare zvemazuva ese zvemapuranga zvataidyira kudya kwemangwanani. Taitozvishandisa, zviri zvigaro zvoga zvataiva nazvo. Uye taigona kutenga chimwe chezvigo izvi chawaisendekedza kumashure, sekunge...Ndakanganwa mhando yechigaro chekuzororera. Zvino chaita madhora 17, uye waigona kutanga wafanobhadhara madhora 3 uye nedhora pavhiki. Zvino takawana chimwe. Uye, oo, pandaipinda...Ndaishanda zuva rose, uye ndoparidza kusvika pakati pehusiku mumigwagwa uye nechero kupi kwandaigona kuparidza.

²⁸⁴ Zvino—zvino ini rimwe zuva ndakasarira pakubhadhara mari yaidiwa. Takatadza kukwanisa kubhadhara, uye zvakawedzera zuva nezuva, uye pakupedzisira rimwe zuva vakauya vakatora chigaro changu ndokuenda nacho. Husiku ihwohwo, handife ndakakanganwa, akandibhekera cheri payi. Kanhu kadiki kanonzwisa urombo, iye—iye—iye aiziva kuti ndaizorwadziwa. Zvino mushure mekudya kwemanheru ndakati, “Nei uri kunyanya kundiitira zvakanaka manheru ano, mudiwa?”

²⁸⁵ Iye ndokuti, “Nhai, ndaita kuti vakomana vemunharaunda vakucherere mahwemisi. Haufungi here kuti tinofanira kudzika kurwizi tonoraura kwechinguva?”

Ini ndikati, “Hongu, asi...”

²⁸⁶ Ndokubva atanga kuchema. Ndakaziva kuti pakanga paine chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Ndakava nekaruzivo nekuti vaive vatonditumira chiziviso chekuti vari kuuya kuzochitora. Uye hatina kukwanisa kubhadhara

dhora iroro pavhiki roga-roga. Takatadza, hatina...hatina kuzvikwanisa. Akabva andimbundira nemaoko ake, zvino ndakaenda kumusiwo zvino chigaro changu chainge chaenda.

Akandiudza kumusoro Ikoko, akati, “Uchiri kurangarira chigaro chiya here, Bill?”

Ini ndikati, “Hongu, mudiwa, ndinorangarira.”

Akati, “Ndicho chawanga uchifunga nezvacho, handizvo here?”

“Hongu.”

²⁸⁷ Akati, “Zvinoka, havazotore ichi, ichi chakabhadharwa.” Akati, “Gara pasi kwechingvana, ndinoda kutaura newe.”

Ini ndikati, “Mudiwa, handisi kunzwisisa izvi.”

²⁸⁸ Iye ndokuti, “Ndivimbise, Billy, ndivimbise kuti hauchanetseki zvachose. Wava kudzokera zvino.” Uye akati, “Ndivimbise kuti hauchazonetseki.”

Ini ndikati, “Handikwanise kuita izvozvo, Hope.”

²⁸⁹ Zvino pakarepo ndakabengenuka, mukamuri maiva nerima. Ndakaranga-ringa, ndikanzwa ruoko rwake rwakandimbundira. Ndikati, “Hope, uri mukamuri muno here?”

²⁹⁰ Akatanga kundibhabhadzira. Akati, “Unondivimbisa here, Bill? Ndivimbise kuti hauroore...hauzonetseki zvachose.”

Ndikati, “Ndinokuvimbisa.”

²⁹¹ Zvino paakandibhabhadzira ka 2 kana ka 3, akabva aenda. Ndakasvetuka ndokubatidza chiedza, ndokutarisa kwese-kwese, akanga aenda. Asi akanga angobuda mukamuri. Haana kuenda, achiri kurarama. Akanga ari Mukristu.

²⁹² Billy neni takaenda kuguva pano imwe nguva yakapfuura, takabata karuva kadiki kaamai vake nehanzvadzi yake, pamangwanani eEsta, zvino takamira. Muchinda mudiki akatanga kuchema, akati, “Baba, amai vangu vari pasi apo.”

²⁹³ Ndikati, “Kwete, mudiwa. Kwete, havasi pasi apo. Hanzvadzi haisi pasi apo. Tine guva rakapfigwa pano, asi mhiri kwegungwa kune guva rakavhurika apo Jesu akamuka. Uye nerimwe zuva Achauya, Achauza Hanzvadzi naAmi pamwe naYe.”

²⁹⁴ Ndiri muhondo nhasi, shamwari. Ini—ini handichakwanisa kutaura zvimwe. Ini...[Hama Branham vanochema—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei. Ngatikotamisei misoro yedu kwechingvana.

²⁹⁵ O Ishe! Nguva zhinji, Ishe, ndine chokwadi chekuti vanhu havanzwisise, pavanofunga kuti zvinhu izvi zvinouya nyore. Asi kune zuva guru riri kuuya apo Jesu achauya uye kusuwa kwose uku kuchabviswa. Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Mugotibatsira kuti tigadzirire.

296 Uye vimbiso iyoyo yokupedzisira, pandakamutsvoda padama mangwanani aye, kuti ndaizosangana naye ipapo zuva iroro. Ndinotenda achange akamira panzvimbo iyoyo, achidanidzira zita rangu. Ndakararama zvakatendeka kuvimbiso iyoyo kubvirapo, Ishe, kupota pasi rose, mumhando dzose dzenzvimbo, ndichiedza kuunza Evhangeri. Ndave kuchembera zvino, uye nekuneta, ndarukutika. Rimwe remazuva ano ndichavhara Bhaibheri rino kekupedzisira. Uye, Mwari, ndichengetei ndakatendeka kuvimbiso. Chengetai nyasha dzeNyu dzakandikomberedza, Ishe. Ngandisatarise zvinhu zvehupenyu huno, asi ndiraramire zvinhu zviri mhiri. Ndidzitsirei kuva ndakatendeka. Handikumbiri nzira yakareruka, kwete, Ishe, apo Kristu wangu akafa ipapo ari pasi pekutambudzika. Uye vamwe vose vakafa saizvozvo. Handikumbiri chero chinhu chiri nyore. Ingondiitai kuti ndive ndakatendeseka, Ishe, ndiri wechokwadi. Itai kuti vanhu vandide kuti ndigone kuvatungamirira kwaMuri. Uye rimwe zuva kana zvose zvapera uye taungana pasi pemiti inogara yakasvibira, ndinoda kumubata noruoko ndofamba naye kukwira kumusoro, kuti ndiratidze vanhu veAngelus Temple nevamwe vose. Ichava nguva inofadza kwazvo ipapo.

297 Ndinonamata kuti tsitsi dzeNyu dzizorore pane mumwe nemumwe wedu pano. Uye avo vari pano, Ishe, vanogona kunge vasingamboKuzivai. Uye zvichida vane mumwe mudikanwi mudiki mhiri kwegungwa ikoko. Kana vasina kumbozadzisa vimbiso yavo, dai vakazviita zvino, Ishe.

298 Takakotamisa misoro yedu, handizivi muodhitoriyamu ino huru kwazvo masikati ano, vangani venyu vanoti “Hama Branham, ndinoda kusangana nevadikanwi vangu, zvakare. Ndi—ndi—ndine vamwe vadikanwi mhiri kwerwizi ikoko”? Zvimwe wakaita vimbiso yekuti waizosangana navo, pamwe pawakaudza Amai kuti “fambai zvakanaka” kumusoro uko paguva zuva riya, pamwe pawakaudza Hanzvadzi diki “fambai zvakanaka,” kana Baba, kana vamwe vavo paguva, ukavimbisa kuti waizosangana navo, uye iwe—iwe hausati wamboita gadziriro iyoyo nazvino. Haufungi here kuti inguva yakanaka zvino yekuzviita?

299 Regereraiwo kuchema kwangu. Asi, oo, ini zvangu, haucheredzi, shamwari. Hauzive kuti kuzvipira kwa—kwakadini! Hachitombori chimedu chidiki, zvachose, chetsananguro yehupenyu.

300 Vangani venyu vangada kusimuka zvino vouya kuno kuti vanamate, voti, “Ndinoda kusangana nevadikanwa vangu”? Simuka kubva muungano wodzika zasi kuno. Ungazviita here? Kana mumwe munhu asina kumboita gadziriro iyoyo. Mwari vakuropafadzei, changamire. Ndinoona murume wechikuru wechitema achitouya, vamwe vachiuya. Zvifambisei, imi muri mumabharikoni kumusoro uko, ingobudai muchipinda

munzira yepakati pemacheya. Kana kuti simukai, imi munoda kurangarirwa mushoko remunamato iko zvino. Ndizvozvo. Simukai chaizvo netsoka dzenyu. Zvakanaka. Simuka, kwese-kwese, iwe unoti, “Ndina baba vari mhiriko, ndina amai kana mudikani mhiriko. Ndinoda kuenda kunovaona. Ndinoda kusangana navo murugare.” Ungasimuka here, ingosimuka netsoka dzako, chero kupi zvako muungano. Simuka netsoka dzako, uti, “Ndinoda kugamuchira.”

³⁰¹ Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei kumashure uko. Uye vakuropafadzei kumusoro uko. Ishe vakuropafadzei pano apa, changamire. Ndizvozvo. Kumusoro mubharikoni, Ishe vakuropafadzei. Kwakapoteredza, kwese-kwese, simuka netsoka dzako zvino kuti tive neshoko remunamato, apo Mweya Mutsvene uri pano uye uchifamba pamwoyo yedu, ku—ku—kupwanya.

³⁰² Munoziva, chinodiwa nechechi nhasi kupwanyika. Tinofanira kudzika kuImba yeMuumbi. Dzidziso yedu yebhaiberi yakaomarara yekugadzira imwe nguva haishande zvakanaka. Chatinoda kupwanyika kwechinyakare, kutendeuka mumoyo yedu, kuva vanyoro kuna Mwari. Ndivo vese zvino here vagadzirira kumira?

Ngatikotamisei misoro yedu kuti tinamate.

³⁰³ O Ishe, Vakadzozazve Jesu nokuda kwe...kubva kuvakafa, kuti atiruramisire isu tose nokutenda, tichitenda. Ndinonamata, Ishe, kuti ava vakamira zvino netsoka dzavo kuti vaKugamuchirei, ndinonamata kuti ruregerero rwuve kwavari. Uye, O Ishe, ndinonamata kuti vakugamuchirei seMuponesi naMambo neMudiwa wavo, uye zvichida vana amai kana baba kana mumwe munhu ari mhiri kwegungwa. Pane chinhu chimwe chete chechokwadi, vane Muponesi. Ngavakanganwirwe zvivi zvavo, uye nokusarurama kwavo kwose kudzimwe, kuti mweya yavo isukwe muRopa reGwayana, uye vagogara murugare kubva zvino zvichienda mberi.

³⁰⁴ Uye rimwe zuva rinobwinya kana zvose zvapera, dai tikaungana paImba yeNyu, uye tigovapo semhuri dzisina kupatsanuka, kuti tisangane nevadikanwi vedu vakamirira kune rumwe rutivi. Ava, tinovakumikidza kwaMuri, kuti “Muchamuchengeta murugare rwakakwana uyo ane moyo wakaiswa paAri.” Zviitei, Ishe, tichivaisa kwaMuri. MuZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu. Amen.

³⁰⁵ Mwari vakuropafadzei. Ndine chokwadi chekuti vabatsiri vari kuona pamakamira, uye vachange vainemi mumaminetsi mashoma.

³⁰⁶ Uye zvino kune avo vachagamuchira makadhi okunamatirwa. Billy, Gene naLeo varipi, vari kumashure? Vari pano kuzopa makadhi ekunamatirwa mumaminetsi mashoma. Hama ichaparadzanisa unganu nemunamato, uye makadhi

okunamatirwa achazopihwa. Tichadzoka pano muchinguva chidiki, kuzonamatira vanorwara. Zvakanaka, hama. 🐦

59-0419A Tsananguro Yehupenyu Hwangu
Angelus Temple
Los Angeles, California U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org